

# MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 24 dawout 2023



SUPPORTIVE SERVICES FOR  
FAMILIES & PHYSICIANS

# TABLO KONTNI YO

Entwodiksyon .....	3
<b>Avantaj</b> .....	4
Demann Ranbousman oubyen Avantaj.....	4
Premye Alokasyon pou Paran.....	4
Swen Enfimye .....	4
Swen Enfimye Paran oubyen Responsab Legal Bay Adomisil .....	5
Swen Pandan Ospitalizasyon .....	5
Swen Enfimye oubyen Swen Oksilyè ki Bay Adomisil .....	5
Swen Enfimye ki Bay Avan Antre nan Pwogram NICA .....	5
Swen Rezidansyèl Avèk Gad .....	5
Trètman Medikal .....	6
Trètman Dant.....	6
Medikaman sou Preskripsyon.....	6
Politik ak Prim Asirans.....	6
Prim Asirans.....	6
Terapi.....	7
Sèvis Sante Mantal.....	7
Ekipman.....	8
Alokasyon Elektrisite .....	8
Anèks A: Ekipman.....	9
Materyèl.....	10
Anèks B: Materyèl yo .....	10
Pwodwi Nitrisyonèl Espesyalize.....	11
Avantaj Espesyal Anyèl .....	11
Transpò.....	12
Transpò Fyab.....	12
Ranbousman pou Vwayaj .....	12
Asistans Lojman .....	13
Finansman Soutyen pou Moun ki An Dèy.....	13
Responsab Legal .....	14
Pwogram oubyen Ekipman Eksperimantal.....	14
Avantaj ki Pa Presizeman Abòde.....	14
<b>Pwosedi</b> .....	15
Otorizasyon pou Jwenn Sèvis Andeyò Zòn Kouvri Plan Asirans Ou An oubyen Andeyò Eta.....	15
Dezakò, Refi Avantaj .....	15
<b>Seksyon Lwa NICA 766.301-766.316, Eitati Florida yo</b> .....	16
<b>Enfòmasyon sou Kontak yo</b> .....	33

# Plan Konpansasyon pou Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida (Apwouve 25 Out 2022)

## ENTWODIKSYON

Byenvini nan Plan Konpansasyon pou Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida (“Plan”). Yo pi byen konnen antanke NICA, Plan gen entansyon pou founi konpansasyon, sou yon baz san fot, pou yon kou limite sou blesi katastwofik ki antrene plizyè kou elve inabityèl pou swen gad ak reyadaptasyon. Nan objektif sa, Plan bay yon pakèt avantaj.

Nou bay chak fanmi bonjan konsèy pou familiarize tèt yo avèk Manyèl Avantaj sa, ki ofri yon gid klè sou avantaj ki pozib ki disponib anba Plan NICA a. Gras ak modifikasyon lejislatif ki fèt Lejislasyon Florida an 2021, Plan NICA ofri plizyè avantaj adisyonèl ak amelyore tout fanmi yo dwe egzaminen epi vin abitye avèk yo.

Objektif Manyèl Avantaj sa se pou bay enfòmasyon senp ak dirèk sou avantaj ki disponib nan NICA ak kijan fanmi yo kapab mande avantaj sa yo. Sepandan, Manyèl Avantaj sa se yon gid. Anfen, aktivite NICA yo gouvènè pa Seksyon 766.301-766.316, Estati Florida yo, pafwa refere ak Estati NICA a. Li enpòtan pou konprann estati a — se pa manyèl sa — kontwole tout konfli ant enfòmasyon nan Manyèl Avantaj sa yo ansanm ak lwa pou tèt pa li.

Jeneralman, selon lwa Florida, NICA peye pou yon depans reyèl ki “nesesè sou plan medikal ak rezonab” pou patisipan yo, ki gen ladan l men ki pa limite ak:

- Swen medikal ak lopital, swen ak fòmasyon adaptasyon, swen rezidansyèl oubyen pou moun ki nan detansyon
- Swen ak sèvis pwofesyonèl nan rezidans ak nan prizon
- Medikaman ki nesèsè sou plan medikal yo
- Ekipman ak enstalasyon espesyal ki nesèsè sou plan medikal; ak vwayaj konèks

(Gade: Seksyon 766.31(1)(a), Estati Florida yo)

Byenke Manyèl sa gen tantativ pou dekri gam avantaj yo pou fanmi yo, NICA kapab peye tou pou lòt materyèl yo, ekipman oubyen depans ki nesèsè sou plan medikal yo, ki asosye avèk kondisyon ak bezwen medikal patisipan yo. Fanmi yo dwe soumèt depans ki nesèsè sou plan medikal yo ki pa otreman abòde nan Manyèl Avantaj sa pou konsiderasyon jesyonè ka patisipan yo a.

Yon fanmi gendwa, oubyen pa gendwa, kalifye pou menm avantaj yo antanke yon lòt fanmi akòz kondisyon patikilye, nesèsite medikal, oubyen lòt kouvèti ki disponib pou chak patisipan. Sepandan, NICA ap fòse garanti tout fanmi yo trete menm jan epi tout depans ki nesèsè sou plan medikal ak rezonab yo rive kouvri, sou rezèv ak limitasyon enonse nan atik 766.31, Estati Florida yo. NICA rezève tèt li dwa pou mande yon Lèt Nesèsite Medikal pou tout avantaj ki mande.

Tanpri, sonje menm si gras ak chanjman lejislatif resan yo nan Florida, NICA konsidere tèt pa l kòm prensipal aktè Medicaid ak yon lòt antite pou sèvis kouvri pa NICA yo, nou ap toujou travay avèk AHCA sou yon plan ki vize kowòdone sèvis yo nan objektif pou asire yon livrezon sèvis transparan bay patisipan nou yo. Jiskaske plan sa finalize, fanmi patisipan yo pa dwe chanje kòman pou yo jwenn sèvis nan men founisè pa yo. Yon fwa plan tranzisyon an fini, yo pral kominike li bay fanmi yo ansanm ak tout nouvo pwosesis. Sepandan, si yon fanmi ap fè fas ak nenpòt pwoblèm pou jwenn sèvis Medicaid, tanpri kontakte jesyonè ka ou an pou NICA kapab avanse epi transfere sèvis sa yo vè finansman NICA.

# DEMANN REKLAMASYON POU RANBOUSMAN OUBYEN AVANTAJ YO

Nan objektif pou mande yon nouvo avantaj, yo kapab mande paran oubyen responsab yon patisipan NICA pou founi youn oubyen konbinezon sa a:

- Yon lèt nesese medikal yon doktè ki fè preskripsyon an bay oubyen pwofesyonèl swen sante apwopriye ki kalifye ak otorize epi/oubyen terapeut otorize
- Yon Esplikasyon sou Avantaj (Explanation of Benefits, EOB) yo oubyen refi kouvèti nan men konpayi asirans ou an
- Yon resi oubyen lòt prèv acha oubyen enstriksyon pou peye ranbousman ak ou oubyen ak founisè a dirèkteman
- Yon esplikasyon ekri nan men paran oubyen responsab la ki esplike poukisa avantaj la se nan pi bon enterè patisipan an ak kòman li lye ak blesi nan nesans li.

Tanpri, konsilte deskripsyon avantaj endividyèl pou swiv ki detaye dokimantasyon ki nesese pou chak kategori avantaj. Si ou bezwen èd avèk kisa ki dwe enkli nan lèt nesese medikal oubyen gid sou sa ki nesese, tanpri kontakte Jesyonè Ka Enfimye ou an.

Tanpri, kenbe nan tèt ou NICA soumèt ak siveyans epi ak responsabilite plizyè ajans ak enstitisyon gouvènmanal. Konsa, NICA dwe kapab demontre egzaktitid ak legalite tout pèman yo pou fanmi yo atravè dokiman yo mande yo ak pèman asosye yo.

NICA pral onore demann ranbousman pou depans pwofesyonèl medikal la ak famasi yo soumèt nan espas kat (4) jou (an akò ak Seksyon 95.11(3)(f), Estati Florida) oubyen apati dat depans lan te angaje si demann lan akonpanye ak dokiman ki ateste nesese medikal ak fakti oubyen resi pwofesyonèl swen sante yo. Limit tan sa pa aplike ak depans ki angaje avan aseptasyon patisipan nan pwogram NICA a. Yo pral peye ranbousman nan pi bon dèlè, epi yo pral avize ou alekri si yo refize yon avantaj, oubyen NICA pa genyen ase enfòmasyon oubyen dokimantasyon pou peye avantaj.

## REKONPANS INISYAL POU PARAN

Apati 1ye janvyè 2021, paran yo oubyen responsab legal yon patisipan NICA gendwa ak yon rekonpans ki pa depase \$250,000. Chak ane, apre 2021, kantite rekonpans paran pou nouvo fanmi yo ki jwenn pwogram lan pral ogmante pa 3 pousan chak ane.

## SWEN ENFIMYÈ

Majorite patisipan NICA yo pral bezwen kèk nivo swen enfimye oubyen oksilyè pwofesyonèl nan lavi pa yo. Plizyè fanmi chwazi rete lakay yo epi bay swen pou patisipan pa yo, pandan lòt fanmi yo prefere angaje Sèvis pwofesyonèl swen enfimye oubyen oksilyè yo. Toude opsyon ki disponib pou fanmi ki elijib nan diskresyon pa yo. Nivo swen enfimye ak kantite ki peye pou swen konsa kapab varye sòti nan yon fanmi ale nan yon lòt, jan bezwen medikal inik patisipan an ak konpetans responsab swen an dikte sa.

Nan objektif pou NICA peye pou swen enfimye pou yon patisipan, jesyonè ka ou an pral voye yon Fòm Pasyan ak Responsab Swen Enfimye a (Patient and Nursing Caregiver Form, PNCF) bay yon doktè k ap bay swen pou patisipan ranpli. Fòm sa se sa NICA pral itilize pou otorize montan ak tip swen ki disponib la. Fòm a idantifye kantite èdtan swen ki rekòmande ak nivo swen pou èdtan sa yo (sa vle di, CNA, LPN, oubyen RN). NICA kapab reyalize yon egzamen regilye avèk pwofesyonèl medikal yo pou evalye bezwen kontini ak pafwa evolutif patisipan yo ofilditan.

Si sa aplikab, NICA kapab mande enfòmasyon nan plan asirans ou an tou konsènan kouvèti swen enfimye yo bay lan. Jesyonè Ka ou an kapab ede ou avèk pwosesis sa.

## Swen Enfimye Paran oubyen Responsab Legal la bay Adomisil:

Lè swen enfimye oubyen oksilyè pwofesyonèl yo nesèsè, NICA kapab ranbouse yon paran oubyen responsab legal pou swen gad ki bay nan rezidans ki nesèsè sou plan medikal epi ki rezonab, jan sa dokimante sou PNCF. Sa t ap yon altènativ oubyen yon konpleman nan pèman swen enfimye pwofesyonèl yo oubyen lòt prepoze pwofesyonèl.

### Pou patisipan ki fèt depi 7 Jen 2002 yo:

Ranbousman soumèt ak limitasyon ki presize nan Atik 766.302(10) ak 766.31, Lwa Florida yo. Aksyon sa yo presize NICA kapab ranbouse yon paran oubyen responsab legal pou jiska 10 èdtan aprè swen nan rezidans fanmi ak swen gad yo founi dirèkteman bay patisipan nan yon peryòd 24 èdtan. Si yo otorize plis pase 10 èdtan, lòt responsab swen yo kapab jwenn ranbousman pou swen ki otorize ak ki bay epi ki depase 10 èdtan. NICA pa ranbouse pou nenpòt èdtan lè patisipan nan lekòl oubyen PPEC.

Si yon patisipan bezwen plis pase 10 èdtan swen epi si yo konsidere paran an antanke yon pwofesyonèl medikal (pa egzanp, CNA, LPN, RN), limit 10 èdtan an pa respekte. Yon paran kapab jwenn ranbousman nan nivo lisans li (nan to Medicaid Florida) pou kantite èdtan swen ki konsidere nesèsè sou plan medikal epi paran te bay. Pa egzanp, si paran se yon LPN epi PNCF otorize 12 èdtan swen CNA ak 12 èdtan swen LPN, epi paran bay tout 24 èdtan si swen paran t ap jwenn ranbousman pou li pou 12 èdtan nan [to CNA](#) ak 12 èdtan nan [to LPN](#).

### Pou patisipan NICA yo ki fèt avan 7 Jen 2002:

Ranbousman soumèt ak limitasyon ki presize nan Akò Règleman Rekou Kolektif ak nan jijman final ak Òdonans ki Apwouve Akò Règleman Rekou Kolektif la (disponib nan [nica.com](#)). Pou fanmi sa yo, NICA kapab ranbouse yon paran oubyen yon responsab legal pou jiska 20 èdtan pa jou pou swen pa yo dirèkteman bay patisipan an. Si lòt responsab swen yo enplike nan swen an, limit konbine a se 20 èdtan pa jou. Epitou èdtan lekòl yo ap dedwi tou. Si yon paran oubyen yon responsab legal ap pran swen dirèkteman ak patisipan an epi se yon responsab swen pwofesyonèl ki gen lisans (pa egzanp, Enfimye Asistan Sètifye, Enfimye Oksilyè Otorize oubyen Enfimye Otorize), yo kapab peye responsab swen an pou jiska 24 èdtan chak jou. To pèman yo baze sou nivo lisans paran oubyen responsab legal lan, ak kantite èdtan pou chak doktè.

### Swen pandan Ospitalizasyon:

Si yon patisipan NICA ospitalize epi paran oubyen responsab legal la dwe rete avèk yo pandan yo nan lopital la, NICA pral ranbouse paran oubyen responsab legal la pou jiska 24 èdtan pa jou nan to pèman jeneral pa yo, tankou jou admisyon an ak jou egzeyat la. Chanjman sa ap an vigè 1ye janvyè 2021.

### Swen Enfimye oubyen Swen Oksilyè ki Bay Adomisil:

Si yon doktè rekòmande sa, NICA pral ranbouse fanmi yo pou swen enfimye oubyen swen oksilyè ki nesèsè sou plan medikal oubyen rezonab yo bay patisipan an. NICA pral ranbouse dirèkteman yon ajans pwofesyonèl swen sante a oubyen yon lòt responsab swen kalifye, jan paran oubyen responsab legal la prefere sa. Paran kapab tou jwenn ranbousman lè yon responsab swen lòt antite rate yon ka travay epi yon paran dwe founi yon pati nan swen yo, sou rezèv pou bay NICA dokimantasyon sou orè travay ki manke yo.

Pou mande avantaj sa, yon paran oubyen responsab legal la kapab kontakte Jesyonè Ka Enfimye yo a. Jesyonè Ka a pral mande enfòmasyon sou pèman pou moun lan oubyen ajans swen enfimye paran swete pran swen patisipan pou li a.

### Swen Enfimye ki Bay Avan Antre nan Pwogram NICA:

Swen enfimye ki bay apati dat egzeyat nan NICU jiska dat antre nan pwogram NICA ranbousab selon paramèt ki anwo yo. Y ap pral jwenn PNCF lan depi lè w ap antre nan pwogram lan epi aplike nan yon fason retwoaktif.

### Swen Rezidansyèl Avèk Gad:

Nan ka kote yon patisipan dwe transfere sot nan domisil li pou ale nan yon etablisman swen pwofesyonèl, NICA pral peye pou depans etablisman an lè okenn lòt peyè pa disponib.

## TRÈTMAN MEDIKAL

NICA pral ranbouse vizit doktè ki lye ak swen epi ansanm ak trètman ki asosye avèk blesi nesans newolojik la, tankou kopèman ak dediksyon yo kote yo aplikab.

NICA pral bay ranbousman pou swen pasyan ospitalize nan lopital yo ansanm ak pasyan klinik ekstèn yo, tankou swen ijans ki lye ak swen ak trètman ki asosye avèk blesi newolojik nan nesans ak frè etablisman yo.

## TRÈTMAN DANTÈ

Kòmanse 1ye janvyè 2022, sèvis dantè ki nesèsè sou plan medikal yo ansanm ak sa ki lye ak blesi nan nesans yo ap kouvri. Sèl atik ki pa kouvri se kou netwayaj woutin yo de (2) fwa pa jou. Demann avan yo pa te refize nan kat dènye ane yo ap rekonsidere sou demann.

## MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

Yo pral ranbouse medikaman sou preskripsyon yo avèk yon resi ak yon kopi etikèt la. Ranbousman sa se sèlman pou medikaman ki lye ak swen epi trètman ki asosye avèk blesi newolojik nan nesans.

## POLITIK AK PRIM ASIRANS

NICA ankouraje fanmi yo pou souskri pou asirans sante si plan asirans fanmi an, yon eta oubyen yon pwogram federal, oubyen yon lòt tip plan sante pa kouvri otreman patisipan an epi li pral ranbouse kou kouvèti yo si yo mande li sa. Si ou swete benefisye yon asirans maladi, tanpri chache enfòmasyon sou avantaj sa avèk Jesyonè Ka Enfimiyè ou an.

### Prim Asirans yo

NICA pral ranbouse fanmi yo pou pati pa patisipan nan prim asirans maladi apati dat lè demann lan fèt alekri nan NICA. Pou patisipan k ap antre nan pwogram lan apati oubyen aprè 1ye janvyè 2022, NICA pral ranbouse fanmi yo pati pa patisipan nan prim asirans lan apati dat nesans patisipan an.

NICA bezwen yon kopi dokiman kouvèti ak prim ki idantifye pati pa patisipan nan prim lan pou peye pou depans sa. Si dokiman pa idantifye espesifikman pati pa patisipan an, NICA rezève tèt li dwa pou kalkile kòman prim li pral ranbouse a sou baz pworata.

## TERAPI

NICA pral ranbouse fanmi yo pou terapi yon terapet ki gen lisans reyalize yon medsen jije nesèsè sou plan medikal ak rezonab.

Kèk terapi ki kouvri tankou:

- Fizyoterapi
- Ègoterapi
- Òtofofi
- Terapi ak Dlo
- Terapi Entansif
- Mizikoterapi
- Terapi Ekin
- Masoterapi
- Terapi Konpòtmantal
- Terapi Vizyèl

Pwogram anyèl kan terapi yo pral kouvri jiska \$2000. Kan terapi a kapab kouvri pou plis pase \$2000 si li reponn ak nòm yon terapi entansif. Jesyonè Ka Enfimyè ou an pral evalye plan swen pou pwogram kan terapi a pou deside si kan terapi a kapab kouvri.

Epitou plizyè lòt terapi kapab elijib pou yo kouvri. Jwenn enfòmasyon bò kote Jesyonè Ka Enfimyè ou an si yon pwofesyonèl swen medikal rekòmande yon terapi ki pa site anwo an.

NICA kapab konsilte chak peryòd plizyè pwofesyonèl medikal apwopriye konsènan nesèsite medikal pou plizyè terapi pèmanan.

Pou mande yon terapi pou patisipan an, NICA bezwen yon plan swen terapet la ekri epi doktè patisipan an siyen, menm jan ak enfòmasyon ki montre tout lòt moun k ap peye yo te refize terapi a, tankou asirans, plan prepeye yo, HMO, oubyen asistans gouvènmantral ki kapab disponib. Si yon plan asirans oubyen lòt antite kouvri yon terapi an pati, NICA pral peye kopèman oubyen pati responsabilite pasyan an.

## SÈVIS SANTE MANTAL YO

NICA kwè nan ranfòse byennèt patisipan nou yo ak fanmi pa yo. Nan kòmansman 21 Jen 2021 an, NICA pral bay manm fanmi imedya yo (oubyen responsab legal ki rezide avèk patisipan an) avèk yon avantaj anyèl total jiska \$10,000 pou yo jwenn sèvis sante mantal nan men pwofesyonèl swen sante ki gen lisans anba Chapit 490 ak Chapit 491 Lwa Florida (oubyen lwa ki sanble nan lòt eta yo) Pwofesyonèl swen sante ki soti nan Chapit sa yo gen ladan yo plizyè sikològ, terapet konjigal ak fanmi yo, konseye nan sante mantal yo, ak travayè sosyal yo. Epitou sèvis sante mantal ki sikyat ki gen lisans bay selon Chapit 458 Florida (oubyen lwa similè nan lòt eta yo) pral kalifye pou ranbousman. Epitou NICA pral peye pou tout kopèman oubyen dediktib yo. Nan ka kote yon patisipan mouri, fanmi yo kapab resevwa rès fon yo ane sivil sa pou sèvis sante mantal yo (pou jiska \$10,000), plis yon fon adisyonèl de (2) ane (jiska \$20,000) pou sèvis sante mantal yo jiskaske yo fin itilize montan an.

***Pou ranbousman, NICA dwe resevwa dokimantasyon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans nan eta kote kay yo a ye pou founi sèvis sa yo, yon esplikasyon sou avantaj yo (si aplikab), prèv pèman, ak dat sèvis yo.***

***Rekòmandasyon andeyò terapi pwofesyonèl sante mantal yo te fè pou manm fanmi (pa egzanp, medikaman preskripsyon, masoterapi, yoga, elatriye) pa ranbousab selon avantaj sa.***

## EKIPMAN

NICA pral achte oubyen ranbouse depans reyèl yo pou ekipman yo mande pou swen yon patisipan. Paske ekipman patisipan NICA yo bezwen pa menm ditou, ou kapab jwenn yon lis ekipman yo kouvri jiskaprezan nan Anèks A.

Pou kòmande oubyen ranbouse ekipman ki mwens pase \$3,000, NICA pral egzije yon deklarasyon alekri nan men paran oubyen responsab legal patisipan ki eksplike poukisa ekipman an nesèsè (si li pa lye klèman ak blesi a) ak yon refi asirans si plan asirans patisipan an ka kouvri atik la.

Pou kòmande oubyen ranbouse pou ekipman ki plis pase \$3,000, NICA pral egzije yon deklarasyon ekri nan men paran oubyen responsab legal patisipan ki eksplike poukisa ekipman an nesèsè (si li pa lye klèman ak blesi a) ak yon refi asirans si plan asirans patisipan an kouvri atik la petèt. Nan kèk ka, (tankou yon syèj debou oubyen yon chèz woulant) NICA pral bezwen espesifikasyon kòmman yo tou si yo achte dirèkteman nan men yon vandè.

Genyen plizyè pyès ekipman espesifik kote NICA gen yon relasyon avèk yon founisè pou yon tip oubyen mak ekipman espesyalize epi ta renmen yo mande kòmman ekipman nan men pwofesyonèl swen sante sa yo dirèkteman. Ou kapab jwenn yon lis ekipman sa nan Anèks A avèk yon “\*” sou kote non ekipman an. Nan ka sa yo, dokimantasyon ki nesèsè yo nan kategori yo anwo yo t ap toujou aplike.

Apati 1/1/23, pou pyès ekipman sa yo NICA ap achte oubyen ranbouse pou patisipan, garanti pwolonje yo ak akseswa pwoteksyon yo kapab ranbouse.

\*Yo kapab kontakte Jesyonè Ka Enfimyè NICA si genyen yon dout konsènan si atik ekipman ki mande a kapab oubyen pa kapab bezwen yon refi asirans.

### Alokasyon Elektrisite

Apati 15 oktòb 2021, sou demann, NICA kapab vèse pou fanmi yo yon alokasyon mansyèl pou konpanse kou elektrikite adisyonèl ki asosye avèk itilizasyon ekipman ki nesèsè sou plan medikal ki lye ak blesi newolojik patisipan an. Montan alokasyon chak mwa pou 2021 an se \$100 epi li endekse sou kou [Estatistik Biwo Travay Ameriken pa Kilowat lè](#) pou rejyon Atlantik Sid la. Alokasyon an pral ajiste chak 1ye janvyè pou reflekte chanjman pousantaj an Kilowat lè apati novanm ane avan (sa vle di, chanjman anyèl apati to dènye novanm lan rive nan to novanm avan sa) Pou kalifye pou alokasyon an, fanmi yo ap bezwen tonbe anba youn nan de (2) kategori sa yo.

#### Kategori 1:

Patisipan ki gen kou elektrikite anplis ki asosye avèk itilizasyon youn nan sa yo: yon kabann elektrik, yon konsantratè oksijèn, oubyen yon CPAP/BIPAP.

#### Kategori 2:

Patisipan gen mou elektrikite anplis ki asosye avèk itilizasyon yon ponp ki alimantasyon, yon machin aspirasyon, ak yon twazyèm pyès ekipman ki nesèsè sou plan medikal.

Fanmi yo dwe kontakte Jesyonè Ka Enfimyè pa yo pou mande alokasyon an epi enfòmè jesyonè ka yo a sou ekipman medikal aktyèl nesèsè k ap itilize lakay la. Se paran oubyen responsab la ki dwe mande sa epi yo kapab peye li apati 1ye nan mwa ki vini aprè antre patisipan an nan pwogram lan.



## Anèks A - Ekipman

Tankou men ki pa limite ak ekipman yo te otorize avan sa.

<u>Ekipman &lt; \$3000</u>			<u>Ekipman &gt;\$3000</u>
Syèj/Chèz pou Aktivite			Kabann
AFO yo			Asansè Plafon (Mobility Works)*
Matla a Pèdi Lè (Air Loss Mattress)			Aparèy Kominikasyon
Monitè/Videyo Bebe			Jile Konpresyon
Chèz pou Benyen			Chèz Woulant Elektrik
Syèj Machin			Firefly (Chèz)*
Tab pou Chanje			Konsèp Libète (Bisiklèt)*
Òdinatè			Antrenè Demach
Chèz Alimantasyon			Kabann Lopital
Ponp Alimantasyon			Ranp Pèmanan
Ranp/ Sèy pou Planche			Konsantratè Pòtatif O2
Linèt			Chofaj Pisin Pòtatif
Aparèy remòkaj pou Kamyonèt			Ranp Pòtatif
Asansè Hoyer			Chèz Ppod
Spa oubyen Chof Pisin (\$2500 limit)			Eskoutè
Aparèy ak Vapè			Kabann pou Dòmi an Sekirite*
Ipad***			Stander
Chèz Woulan Manyèl			Konsepsyon Stim (Sistèm Galileyo)*
Gwo Woulo an Kaoutchou			Pousèt
Nebilizatè			Tablèt
O2 Konsantratè			Tobii Dynavox*
Ranp Pòtatif			Trexo*
Machin Aspirasyon Pòtatif			Machè (Walker)
Jeneratè Pòtatif (\$3000 limit)			
Pilsyon Ox (Pulse Ox)			
Pyès rechanj pou Ekipman			
Estetoskòp			
Machin Aspirasyon			
Tabourè pou Terapi			
Tapi pou Terapi			
Sistèm Twalèt			
Senti Transfè - avèk pwanyè			
Sistèm pou Kolekte Pipi			
*Atik NICA gen yon relasyon avèk yon pwofesyonèl swen sante espesifik yo			
** Apati 1/1/2022, pa genyen yon limit \$500 ankò pou acha ipad			

## MATERYÈL YO

NICA pral achte oubyen ranbouse depans reyèl yo pou materyèl yo mande pou swen yon patisipan Etandone materyèl ki nesèsè pou patisipan NICA yo varye konsiderableman, nou kapab jwenn yon lis materyèl yo kouvri jiska prezan nan Anèks B.

Pou kòmande oubyen ranbouse pou materyèl ki reprezante mwens yon depans alè \$3000 oubyen yon depans rekirant enferyè a \$1000 chak mwa, NICA pral bezwen yon deklarasyon ekri nan men paran oubyen responsab legal patisipan an ki eksplike poukisa materyèl a nesèsè (si li pa lye klèman ak blesi) ak yon refi asirans si plan asirans patisipan kouvri atik la potansyèlman.

Pou kòmande oubyen ranbouse plizyè materyèl ki reprezante yon depans alè ki plis pase \$3,000 oubyen yon depans rekiran chak mwa plis pase \$1000, NICA pral mande yon lèt nesèsite medikal OUBYEN yon preskripsyon, ak yon refi asirans si plan asirans patisipan an kouvri atik la potansyèlman.

\*Yo kapab kontakte Jesyonè Ka Enfimyè NICA si genyen yon dout konsènan si atik yo mande a kapab oubyen pa kapab bezwen yon refi asirans.

### Anèks B- Materyèl

Lis sa gen ladan li men ki pa limite materyèl yo te otorize avan sa.

Rad Adapte
Alkòl
Manje Bebe
Valiz (pou kenbe materyèl ijans an deplasman)
Bibs
Kousinè Apwen
Tòchon Bebe
Wayps Kloròks
Krèm Kont Chofi Nan Dèyè Bebe
Daypè (aprè laj 3 ane)
Valiz Alimantasyon - Sistèm Dekonpresyon
Kit Ponp Alimantè
Kiyè Alimantè
Pwodwi netwayaj pou netwaye sond alimantè
Blòk eskalad an mous
Lèt Poud Bebe
Twal Gaz
Gan
Akseswa Tib-G
Pwanyè
Kas Ipoterapi
Mask
Poud Ranplasman Repa
Bouton Mickey
Ekouviyon Bikal
Kanil Nazal
Bwòs Dan A Aspirasyon Oral
Oksijèn

Pedyalit
Pewoksid
Traksyon
Salin
Dezenfektan pou Men
Bagay pou AFO
Chosèt pou AFO yo
Goblè Alimantasyon Espesyalize
Katetè Aspirasyon
Chalimo Aspirasyon
Sipleman
Sereng
Tep
Toothettes
Materyèl Trach
Trach yo
Sachè Poubèl
Tib
Alèz (avèk oubyen san tep)
Materyèl Sistèm Koleksyon Pipi
Sak pou Vomi
Sèvyèt
Dlo (pou ekipman oubyen lèt poud bebe)
Kouvèti leste
Wayps (aprè laj 3 ane)

## Pwodwi Nitrisyonèl Espesyalize

Pou patisipan ki pa kapab swiv yon rejim alimantè òdinè epi bezwen manje ki mou/an pire modifiye akòz yon disfonksyonman sistèm dijestif ki lye ak yon blesi newolojik, kòmanse nan laj 2 ane, NICA pral ranbouse pwodwi nitrisyonèl espesyalize anbale alavans OUBYEN founi yon alokasyon chak mwa pou manje fre pou prepare yo an pire lakay. Fanmi ki chwazi youn oubyen lòt opsyon dwe petèt founi yon lèt nesese medikal.

### Opsyon 1: Ranbousman pou Pwodwi Nitrisyonèl Espesyalize Pre-Anbale:

NICA pral ranbouse pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize ki founi valè nitrisyonèl nesese epi ki nesese sou plan medikal. Pire bebe antanke manje, preparasyon anteral, ak lòt pwodwi nitrisyonèl espesyalize pral ranbousab pou osi lontan yo nesese sou plan medikal. Fanmi yo dwe soumèt yon resi avèk nenpòt demann ranbousman.

### Opsyon 2: Alokasyon pou Manje Fre Chak Mwa:

NICA ankouraje fanmi yo itilize manje fre epi nan kòmansman 1ye oktòb 2022, NICA pral founi yon alokasyon chak mwa pou manje fre sa yo nesese pou fanmi yo pou trete manje pire yo lakay. Alokasyon chak mwa baze sou USDA's Thrifty Food Plan ki estime kou chak mwa pou yon rejim nitrisyonèl baze sou laj. Alokasyon chak mwa ap an vigè 1ye oktòb 2022 pral baze sou rapò [USDA Thrifty Food Plan Novanm 2022](#). NICA pral mete ajou montan alokasyon chak mwa pou fanmi yo chak 1ye janvyè sou baz rapò mwayèn chak mwa sou USDA Thrifty Food Plan ki disponib.

*Si fanmi yo chwazi alokasyon manje fre chak mwa, p ap genyen okenn ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize yo.*

## Blennè

Anplis, NICA pral ranbouse fanmi yo, kote patisipan yo bezwen yon rejim alimantè mou/pire modifiye, jiska \$500 pou yon blennè chak twa (3) lane. Fanmi dwe soumèt yon resi avèk demann ranbousman pou yon blennè epi yon lèt nesese medikal kapab rekòmande.

## AVANTAJ ESPESYAL ANYÈL

NICA pral ranbouse fanmi yo jiska \$500 chak ane sivil pou tout atik ki lye ak pi bon enterè patisipan yo. Egzanp yo kapab gen ladan yo plizyè objè jwèt adaptatif, ekipman pisin, jwèt, elektwonik, ak lòt atik ki amelyore kalite lavi. Apati avantaj 2021 an, tout montan yo pa itilize kapab renouvle san limit.

# TRANSPÒ AK VWAYAJ

## Transpò Fyab

Lè yon patisipan bezwen yon mòd transpò ki fyab, NICA ap kowòdone acha yon veyikil fyab oubyen yon kamyonyèt aksesib sou demann paran. Prèv aktyèl asirans veyikil la ak yon lisans chofè valid rekòmande.

Yo enimere NICA antanke titilè privilèj sou tit veyikil la. Sepandan, veyikil la pou tèt pa li titre nan non paran oubyen responsab legal la kòm gad pou patisipan selon Florida Uniform Transfer to Minors Act (Lwa sou Inifòm sou Transfè bay Minè Florida).

### Antanke titilè privilèj, NICA peye epi/oswa ranbouse depans sa yo:

- Pri acha veyikil ak kou akizisyon ki lye yo
- Etikèt lisans/anrejistreman ak renouvelman
- Kou antretyen yo. Tout depans ki depase \$500.00 yo bezwen yon apwobasyon alavans oswa yo kapab pa ranbouse.
- Kouvèti asirans debaz, kouvèti konplè kont tout risk an ka gen kolizyon ak kouvèti konplè. Yo dwe enimere NICA antanke titilè privilèj sou lapolis.
- Yo pral ranbouse milyaj pou randevou medikal yo oubyen vwayaj ki apwouve alavans yo pandan defwa [to GSA a](#) pou yon veyikil gouvènman founi.

NICA ap ranplase veyikil la chak sèt (7) ane oubyen 150,000 mil, selon premye evantyalite a.

Fanmi ki p ap bezwen ankò yon veyikil dwe retounen li bay NICA nan bon eta fonksyonman nan yon dèlè 60 jou.

## Ranbousman Pou Vwayaj

NICA pral ranbouse plizyè depans angaje lè yon patisipan NICA ap deplase pou ale ak soti nan randevou ki nesèsè sou plan medikal yo, tankou vizit doktè, terapi, oubyen lòt vwayaj ki nesèsè sou plan medikal. Anplis, NICA pral ranbouse kilometraj ki asosye ak vwayaj nan famasi pou preskripsyon ki lye ak blesi nesans patisipan (ki bezwen yon resi ak yon etikèt ki gen dat sou li), ak nempòt materyèl/ ekipman non-woutin ki lye ak vwayaj la (Pa egzanzp, si yon pyès nan ekipman kase epi bezwen reparasyon, avèk pwòp dokiman yo, milyaj la kapap ranbouse pou vwayaj ale ak retou pou mennen ekipman nan reparasyon).

Si yo mennen patisipan, NICA pral ranbouse frè pakin yo ak peyaj yo (lè yo soumèt resi yo), menm jan milyaj ki dokimante yo tou nan to sa yo:

- Lè y ap itilize transpò ki fyab:
  - Yo pral ranbouse milyaj pou randevou medikal yo oubyen vwayaj ki apwouve alavans yo pandan defwa [to GSA a](#) pou yon veyikil gouvènman founi.
- Lè y ap itilize yon veyikil pèsònèl:
  - Milyaj pou randevou medikal yo oubyen vwayaj apwouve davans yo pral ranbouse pandan defwa [to GSA a](#) pou yon veyikil prive yo genyen.

Pou jwenn ranbousman pou kilometraj la, NICA dwe gen dokimantasyon sou randevou ranbousab patisipan te patisipe ladan li. Jesyonè Ka Enfimyè patisipan an pral kalkile ranbousman kilometraj la pandan y ap itilize adrès pou lokal paran oubyen responsab legal la te founi. Si paran oubyen responab legal la vle yon kat espesifik sou trajè ki itilize pou ranbousman, yo pral bezwen bay kat ki itilize a pou rive nan lokal la pou Jesyonè Ka Enfimyè pou ranbousman an.

Lè yon patisipan dwe vwayaje, ale senp, sou 30 mil oubyen plis pase 45 minit, depi nan domisil li pou yon randevou medikal, terapetik, oubyen otreman ranbousab, NICA pral ranbouse repa yo ak frè akseswa yo pou tarif chak jou pou vwayaj GSA (75% per diem) pou jiska de (2) responsab swen ansanm ak patisipan NICA, si aplikab (sa vle di, patisipan kapab konsome manje nan bouch, pa genyen yon disfonksyonman sistèm dijestif ki anpeche kapasite pou konsome manje, epi pa resevwa ranbousman pou pwodwi nitrisyonèl espesyalize ki anbale davans yo oubyen Alokasyon Alimantè Fre chak mwa). Yo pa rekòmande okenn resi. Note tarif ki itilize a se tarif ki an vigè nan vil destinasyon an.

Lè patisipan ak yon paran/responsab vwayaje pou pi piti 50 mayl soti lakay epi dwe pase lannwit, NICA pral ranbouse ebèjman depans reyèl la jiska 1.3 fwa tarif ebèjman (plis taks vant aplikab yo) pou vil destinasyon an.

Repa ak frè akseswa ki egalman ranbouse pou vwayaj lannwit an akò avèk politik GSA yo pou jiska de (2) responsab swen ansanm ak patisipan NICA, si sa aplikab.

Apati 1ye janvyè 2022, si patisipan pran avyon, NICA pral ranbouse frè vwayaj nan oto patisipan ak de (2) paran/responsab yo epi pral ranbouse ebèjman depans reyèl la jiska 1.3 fwa tarif ebèjman GSA. Tanpri note tarif GSA sa gen entansyon pou kouvri tout vwayajè yo.

Anba soumasyon resi yo, NICA kapan ranbouse depans transpò ki nesèsè sou plan medikal yo ki pa mansyone otreman anwo a. Tanpri, kontakte Jesyonè Ka Enfimyè ou an si ou gen kesyon sou ranbousman lòt depans ki lye ak vwayaj la.

Apati 9/1/23, lè yon patisipan ospitalize, kèlkeswa distans lopital la, kilometraj medikal ak per diem pou jiska responsab swe pral ranbouse. Kilometraj la kapab sèlman ranbouse pou yon vwayaj ale retou pa jou. Pou paran ki chwazi pou pase nwit nan lopital la avèk patisipan, admisyon lajounen ak egzayat lajounen per diem pral ranbouse nan tarif vwayaj lajounen GSA (75% per diem), jou ki plase ant admisyon an egzayat la pral ranbouse nan tarif per diem konplè. Si paran pa rete lannwit nan lopital la avèk patisipan an, per diem lan pral ranbouse nan tarif vwayaj lajounen GSA (75% per diem) pou chak jou patisipan ospitalize.

## ASISTANS POU LOJMAN

Patisipan yo gen dwa ak yon avantaj asistans lojman jiska \$100000 pandan lavi yo. Plizyè fanmi te itilize avantaj sa a nan yon varyete fason ki gen ladan yo (men ki pa limite) renovasyon aksesib nan yon kay aktyèl, konstriksyon yon nouvo kay, pèman chak mwa pou ipotèk oubyen lweyaj, frè demenajman vè yon lojman ki pi aksesib, jeneratè kay an antye oubyen yon bèt pèman pou yon nouvo kay. Tanpri kontakte jesyonè ka ou an avèk nenpòt kesyon ak pou enfòmasyon sou dokimantasyon ki nesèsè pou itilize avantaj patikilye sa.

## FON SIPÒ POU DÈY

Sèl objektif NICA se pou soutni patisipan yo ak fanmi yo nan chak chapit lavi a. Nan ka kote NICA avize pou lanmò yon patisipan, fanmi yo pral resevwa \$50,000 nan yon efò pou retire sou do yo kou sèvis yo. Nan moman yon pèt kapab emosyonèl oubyen gen konfizyon, NICA vle pou li se yon resous pou geri fanmi li yo pandan moman difisil sa yo.

## TITÈL

Lè yon patisipan vin gen 18 lane, Eta yo egzije paran yo vin responsab legal pou kontinye pran desizyon medikal yo nan non pa yo. NICA pral kouvri depans yo pou fanmi yo pou responsabilite patisipan NICA pa yo jwenn lan. Fanmi yo kapab chwazi pwòp avoka pa yo, oubyen sou demann paran, NICA kapab founi yon lis avoka ki espesyalize nan titèl. Pandan pa genyen okenn restriksyon pou depans obtansyon titèl la, li te atann pou gam tout depans yo vin \$3,000-\$7,500. Epitou NICA pral kouvri depans yo pou renouvèlman responsabilite legal anyèl yo.

## PWOGRAM OUBYEN EKIPMAN EKSPERIMANTAL YO

Lè yon paran oubyen responsab legal mande pou NICA peye pou patisipasyon nan yon pwogram eksperimental oubyen pou jwenn yon ekipman eksperimental, Direktè Egzekitif la kapab apwouve demann lan sou baz kritè sa yo:

1. Depans ki asosye avèk pwogram lan oubyen ekipman pa dwe depase epi dwe soumèt pou yon apwobasyon alvans. Li kapab gen ladan li dire pwogram lan; avantaj medikal yo atann; ak disponibilite pwogram lan yon lòt kote nan Florida si li lokalize andeyò zòn kote kay patisipan plase a.
2. Yon rapò dwe resevwa nan men doktè swen prensipal patisipan ki rekòmande pwogram oubyen ekipman eksperimental la pandan ap detaye nesosite medikal li.
3. Prèy la dwe demontre pwogram oubyen ekipman eksperimental te montre yon avantaj medikal, objektif, vizib, oubyen ki ka demontre menm jan ak prèy patisipan te benefisye oubyen pral benefisye nan pwogram oubyen ekipman eksperimental la.
4. Direktè Egzekitif la kapab apwouve frekans ak dire yo swete nan pwogram oubyen ekipman eksperimental yo mande a.
5. Kontinite pwogram oubyen ekipman kapab otorize si evalyasyon peryodik yon doktè montre yon avantaj medikal objektif, vizib, oubyen demontrab pou patisipan.

Si evalyasyon an endike konsiderasyon lòt kritè, donk yo pral mande lòt enfòmasyon epi yo dwe soumèt pou fè yon egzamen.

Nan yon sousi pou eklèsi ak bay transparans, yo pa te apwouve sa pou ranbousman:

- Terapi abaz selil souch
- Trètman Òmón Pou Kwasans Moun
- Trètman ipèba
- Enbrel

## AVANTAJ KI PA PRESIZE YO TRETE

Konsèy administrasyon an te otorize Direktè Egzekitif la pou apwouve avantaj ki dekri nan Manyèl Prestasyon sa. Konsèy Administrasyon an rekonèt, sepandan, kapab genyen plizyè kalite ekipman oswa lòt atik ki kapab gen valè pou yon patisipan ansanm ak fanmi pa yo men pa abòde nan Manyèl Prestasyon sa. Si genyen yon eleman oubyen sèvis ou santi ki dwe kouvri epi yo pa mansyone li, tanpri pale ak jesyonè ka ou an.

# OTORIZASYON POU JWENN SÈVIS ANDEYÒ ZÒN OSWA DEYÒ ETA KI KOUVRI NAN PLAN ASIRANS OU AN

Paran yo oubyen responsab legal yo dwe enfòmè NICA avan yo pran yon patisipan andeyò zòn oubyen deyò Eta Florida ki kouvri nan plan asirans yo a pou evalyasyon, chiriji, oubyen lòt trètman ki nesèsè sou plan medikal. NICA dwe otorize alavans trètman andeyò Eta. NICA kapab akselere pèman ekipman yo ak sèvis otorize alavans ak pafwa prepeye pou yo. San otorizasyon alavans, NICA pral peye sèlman pou trètman andeyò zòn ki kouvri nan plan asirans lan oubyen pou trètman andeyò Eta epi vwayaje si yon ijans te egziste nan moman trètman an.

## DEZAKÒ, REFI AVANTAJ YO

Si yon dezakò parèt sou yon reklamasyon pou avantaj yo, nou envite ou diskite sou pwoblèm lan avèk yon Sipèvizè Reklamasyon Enfimyè. Yo pral kontan pou posibilite pou travay avèk ou nan espwa pou rezoud dezakò an. Nan kèk ka, NICA kapab mande yon lèt nesèsite medikal ki plis klè oubyen dokiman adisyonèl.

Si yon dezakò parèt epi Sipèvizè Reklamasyon Enfimyè a pa kapab rezoud li, sou demann alekri, Direktè Egzekitif la kapab egzamine reklamasyon an epi tante rezoud dezakò avèk paran yo oswa responsab legal yo.

Si Direktè Egzekitif la pa kapab rezoud dezakò a epi yo refize yon avantaj, paran yo oubyen responsab legal yo genyen dwa pou depoze yon petisyon avèk Divizyon Odyans Administratif pou konteste montan depans reyèl ki ranbouse oubyen refi prestasyon yo. Gade DOAH.fl.us pou jwenn plis detay. Paran yo oubyen responsab legal yo kapab kontakte Avoka Konsomatè Asirans nan Depatman Sèvis Finansye Florida pou gid adisyonèl sou yon baz enfòmèl.

Adrès pou soumèt yon lèt oubyen petisyon se:

### Depatman Odyans Administratif yo

1230 Apalachee Parkway

Tallahassee, FL 32399

Telefòn: (850) 488-9675

Faks: (850) 921-6847

Enfòmasyon sou kontak pou Avoka Konsomatè Asirans lan se:

### Biwo Avoka Konsomatè Asirans nan Depatman Sèvis Finansye Florida

Biwo: 850.413.2868

Faks: 850.487.0453

# CHAPIT 766 ESTATI FLORIDA 2021

## 766.301 Dekouvèt ak entansyon Lejislatif

(1) Lejislati a fè dekouvet sa yo:

(a) Doktè k ap egzèse nan obstetrik yo se espesyalis medikal a wo risk pou yo menm prim asirans kont fot pwofesyonèl yo trè koute, epi ogmantasyon resan nan prim konsa te pi gwo pou doktè konsa pase pou lòt doktè yo.

(b) Tout akouchman ki pa yon akouchman nòmal souvan mennen nan yon reklamasyon kont doktè k ap fè trètman; an konsekans, doktè sa yo pami doktè ki afekte yon jan pi grav ak pwoblèm neglijans medikal yo.

(c) Paske sèvis obstetrik yo enpòtan, sa vini pou Lejislati a founi yon plan ki fèt pou abouti ak estabilizasyon e ak rediksyon nan prim asirans neglijans pwofesyonèl yo pou founisè sèvis konsa yo nan Florida.

(d) Kou reklamasyon pou blesi newolojik ki lye ak nesans an patikilye elve epi jistifye mizanplas yon sistèm limite konpansasyon kèlkeswa neglijans lan. Kesyon pou konnen si lwa sa ki kouvri reklamasyon konsa dwe detèmine sèlman nan kad yon pwosedi administratif.

(2) Lejislatè a gen entansyon pou akòde yon konpansasyon, san konsidere neglijans lan, pou yon kategori blesi katastwofik limite ki antrene plizyè kou ki pa abityèlman elve pou swen de gad yo ak reyadaptasyon. Plan sa pral aplike sèlman pou blesi newolojik ki lye ak nesans yo.

**Istwa.**—s. 60, ch. 88-1; s. 1, ch. 98-113.

## 766.302 Definisyon; ss. 766.301-766.316.—Jan sa itilize nan ss. 766.301-766.316, tèm lan:

(1) “Asosyasyon” vle di Asosyasyon Konpansasyon pou Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida te etabli nan s. 766.315 pou administre Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida ansanm ak plan operasyon ki etabli nan s. 766.314.

(2) “Lezyon newolojik ki lye ak nesans” vle di blesi nan sèvo oubyen mwal epinyè yon ti nourison vivan ki peze pou pi piti 2,500 gram pou yon sèl jestasyon oubyen, nan ka yon jestasyon miltip, yon ti nourison vivan ki peze pou pi piti 2,000 gram nan nesans mank oksijèn lakòz oubyen lezyon mekanik ki rive nan moman akouchman, livrezon, oubyen resisitasyon nan peryòd aprè akouchman imedyà nan yon lopital, ki rann ti nourison an vin afebli mantalman ak fizikman yon jan pèmanan ak sibstansyèl.

Definisyon sa aplike pou akouchman vivan sèlman epi tankou andikap oswa lanmò anomali jenetik ak konjenital lakòz.

(3) “Demandè” vle di tout moun ki depoze yon reklamasyon yon jan konfòm ak s. 766.305 pou konpansasyon pou yon blesi newolojik ki lye ak nesans lakay yon ti nourison. Se nenpòt reprezantan legal ki kapab depoze yon reklamasyon konsa nan non yon ti nourison ki blese; epi, nan ka yon ti nourison ki mouri, se yon administratè, reprezantan pèsònèl, oubyen lòt reprezantan legal ti moun sa ki kapab depoze reklamasyon an.

(4) “Jij dwa administratif” vle di yon jij dwa administratif divizyon an nonmen.

(5) “Divizyon” vle di Depatman Odyans Administratif Depatman Sèvis Jesyon yo.

(6) “Lopital” vle di tout lopital ki agreye nan Florida.

(7) “Doktè patisipan” vle di yon doktè ki gen lisans nan Florida pou pratike medsin ki fè obstetrik oubyen reyalize sèvis obstetrik swa atanplen oubyen atan pasyèl epi ki te peye oubyen ki te egzonerè pèman nan moman blesi a, evalyasyon ki rekòmande pou patisipasyon nan plan konpansasyon blesi newolojik ki lye ak nesans pou ane kote blesi a te fèt. Tèm sa pa aplike ak tout doktè k ap pratike medsin antanke yon ofisyè, anplwaye, oubyen yon ajan Gouvènman Federal la.



(8) “Plan” vle di Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida ki etabli anba s. 766.303.

(9) “Manm fanmi” vle di yon papa, manman, oubyen responsab legal.

(10) “Swen rezidansyèl oubyen gad famiyal” vle di swen asistan pwofesyonèl ki fòme ki depase kad tach swen patisipan yo men manm fanmi yo konn bay. Manm fanmi ki founi swen rezidansyèl oubyen gad non pwofesyonèl yo kapab pa jwenn konpansasyon selon lwa sa pou swen ki antre nan kad tach swen patisipan ansanm ak lòt sèvis manm fanmi yo founi nòmalmman ak gratis. Swen rezidansyèl ak gad famiyal la pral reyalize sèlman nan direksyon ak kontwòl yon doktè lè swen konsa nesèsè sou plan medikal. Frè rezonab pou depans ki lye yo pou swen rezidansyèl ak gad famiyal yon manm fanmi bay pral detèmine tankou sa yo:

(a) Si manm fanmi an pa anplwaye, valè pa lè a egal ak salè pa lè minimòm federal la.

(b) Si manm fanmi an anplwaye epi chwazi pou kite anplwa sa pou founi swen konsa, valè pa lè swen sa egal ak to Medicaid etabli pou sèvis tach prive yon èd sante lakay founi. Yon manm fanmi oubyen yon konbinezon manm fanmi k ap founi swen an akò avèk definisyon sa kapab pa rive konpanse pou plis pase yon total 10 èdtan chak jou. Swen fanmi an ranplase swen rezidansyèl yo oubyen gad pwofesyonèl yo, epi okenn swen rezidansyèl oubyen gad pwofesyonèl pa kapab akòde pou peryòd tan pandan jou swen fanmi sa rive founi.

(c) Rekonpans swen rezidansyèl oubyen gad famiyal la jan sa defini nan seksyon sa p ap rive fè pati estimasyon aktyèl yo pou objektif s. 766.314(9)(c).

**Istwa.**—s. 61, ch. 88-1; s. 36, ch. 88-277; s. 16, ch. 91-46; s. 2, ch. 93-251; s. 307, ch. 96-410; s. 149, ch. 2001-277; s. 5, ch. 2002-401.766.303 Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans Florida; eksklizivite rekou.

(1) Genyen Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida pou objektif pou founi konpansasyon, kèlkeswa fot la, pou reklamasyon blesi newolojik ki lye ak nesans. Plan konsa pral aplike pou akouchman ki fèt nan oubyen aprè 1ye janvyè 1989, epi Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida pral administre li.

(2) Dwa ak rekou plan sa akòde akòz yon blesi newolojik ki lye ak akouchman pral ekskli tout lòt dwa ak rekou ti nourison, reprezantasyon pèsone l, paran li, moun ki depann, ak pi pwòch paran li, nan dwa komen oubyen otremman, kont tout moun oubyen antite ki enplike dirèkteman nan tranche, akouchman, oubyen reanimasyon imedyatman aprè akouchman pandan moman sa yo blesi an te rive fèt, ki soti ladan li oubyen ki lye ak yon reklamasyon pou neglijan medikal ki konsène yon blesi konsa; sof yon aksyon sivil p ap rive sezi si genyen plizyè prèv klè ak konvenkant ki gen movèz fwa oubyen entansyon malveyant oubyen mepri toutespre ak gratis nan dwa moun, sekirite, oubyen pwopriyete, a kondisyon yon aksyon konsa depoze avan ak nan plas pèman yon santans selon ss. 766.301-766.316. Yon tèt pousuit dwe depoze avan ke santans pataj la vin definitiv ak obligatwa, jan sa prevwa nan s. 766.311.

(3) Iminite souvren an pa prezan ki leve nan non Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik Ki Lye ak Nesans nan Florida sèlman nan mezi nesèsè pou asire pèman konpansasyon ki prevwa nan s. 766.31.

(4) Asosyasyon an dwe administre plan nan yon fason pou pwomouvwa ak pwoteje sante ak nan pi bon enterè timoun ki soufri blesi newolojik ki lye ak nesans.

**Istwa.**—s. 62, ch. 88-1; s. 37, ch. 88-277; s. 1, ch. 89-186; s. 1154, ch. 97-102; s. 74, ch. 2003-416; s. 2, ch. 2021-134.

## 766.304 Jij administratif pou detèmine reklamasyon yo

Jij administratif la pral tande ak detèmine tout reklamasyon ki depoze selon ss. 766.301- 766.316 epi pral egzèsè, selon bezwen yo, plen pouvwa ak otorite yo akòde li nan chapit 120, jan sa nesèsè, pou reyalize objè atik sa yo. Jij administratif gen konpetans eksklizif pou detèmine si yon reklamasyon ki depoze selon lwa sa kapab konpanse. Yo pa kapab pran okenn aksyon sivil avan yo pran desizyon yo. 766.309 te rive fèt pa jij administratif la. Si jij administratif la detèmine reklamasyon an gen dwa ak konpansasyon nan asosyasyon an, oubyen si demandè a aksepte yon santans ki desène selon s. 766.31, okenn aksyon sivil pa kapab fè oubyen kontinye an vyolasyon ak dispozisyon sou eksklizivite rekou nan s. 766.303. Si yo detèmine yon reklamasyon depoze selon lwa sa pa konpansab, ni doktrin preklizyon akseswa ni otorite bagay yo jije a pa entèdi demandè a egzèsè tout rekou sivil ki disponib selon lwa komen ak dwa règlemantè. Konstatasyon fè ak konklizyon dwa jij administratif p ap resevab nan okenn pwosedi ki vini apre sa; sepandan, temwayaj sou sèman tout moun epi pyès ki pwodwi pou prèv nan afè administratif la pa admisib a tit miz an akizasyon nan tout aksyon sivil ki vini apre sa ke kont yon pati nan pwosedi administratif la, sou rezèv Règ Prèv yo. Okenn sòm pa kapab akòde oubyen peye selon ss. 766.301-766.316 si demandè a gen dwa li selon règleman oubyen si yon jijman definitiv enskri nan yon aksyon sivil.

**Istwa.**—s. 63, ch. 88-1; s. 17, ch. 91-46; s. 3, ch. 93-251; s. 308, ch. 96-410; s. 1803, ch. 97-102; s. 2, ch. 98-113. s. 90, ch. 99-3; s. 75, ch. 2003-416; s. 109, ch. 2013-18.

## 766.305 Depo reklamasyon ak repons; egzamen disiplinè medikal.

(1) Tout demann konpansasyon ki depoze nan kad plan dwe kòmanse apati depo demandè a fè bò kote divizyon yon petisyon k ap mande yon konpansasyon. Petisyon sa dwe gen ladan l enfòmasyon sa yo:

(a) Non ak adrès reprezantan legal la ansanm ak baz reprezantasyon li pou tibebe ki blese a.

(b) Non ak adrès tibebe ki blese a.

(c) Non ak adrès tout doktè ki bay sèvis obstetrik ki te prezan nan akouchman ansanm ak non ak adrès lopital kote akouchman te fèt la.

(d) Yon deskripsyon andikap sou poukisa reklamasyon an fèt la.

(e) Nan ki lè ak ki kote blese a fèt.

(f) Yon brèf deklarasyon fè ak sikonstans ki antoure blese a epi ki lakoz reklamasyon an fèt la.

(2) Demandè a pral bay divizyon an plizyè kopi petisyon jan yo mande sa pou sèvis anba asosyasyon an. Tout doktè ak lopital ki site nan petisyon an, ak Divizyon Asirans Kalite Medikal, ansanm ak frè depo \$15 peyab pou Divizyon Odyans Administratif yo. Nan moman resepsyon petisyon an, depatman an dwe sèvi asosyasyon an imedyatman, pa sèvis anba ajan ki deziye a pou aksepte sèvis la nan non asosyasyon an, pa kourye anrejistre oubyen sètifye, ak tout medsen, prestatè swen sante ak lopital ki site nan petisyon an, epi pral founi yon kopi pa kouryèl regilye pou Divizyon Asirans Kalite Medikal ansanm ak Ajans pou Administrasyon Swen Sante.

(3) Demandè a dwe bay Asosyasyon Konpansasyon pou Blesi Newolojik Ki Lye ak Akouchman nan Florida enfòmasyon sa yo, ki dwe depoze bò kote asosyasyon an nan espas 10 jou aprè yo fin depoze petisyon an jan sa endike nan paragraf (1):

(a) Tout dosye medikal ki disponib ki lye ak blesi serebral newolojik ki lye ak akouchman ansanm ak yon lis ki idantifye tout dosye yo konnen ki pa disponib pou demandè a ansanm ak rezon dosye yo pa disponib.

(b) Plizyè evalyasyon apwopriye, evalyasyon ak pwonostik ansanm ak tout lòt dosye ak dokiman jan yo nesèsè yon jan rezonab pou detèminasyon kantite konpansasyon ki dwe peye ak, oubyen nan non, tibebe ki blese a sou kont blesi newolojik ki lye ak akouchman.

(c) Dokimantasyon sou depans ak sèvis ki angaje jiska nan jou sa ki idantifye tout pèman ki fèt pou depans ak sèvis sa yo ak peyè a.

(d) Dokimantasyon tout sous prive oubyen gouvènmantral sèvis oubyen ranbousman aplikab ki lye ak andikap yo.

Enfòmasyon ki rekòmande pa paragraf (a)-(d) pral rete konfidansyèl ak egzan selon dispozisyon s. 766.315(5)(b).

(4) Asosyasyon an pral gen 45 jou apati dat sèvis yon reklamasyon fin ranpli, ki depoze konfòmman ak paragraf (1) ak (2), kote pou depoze yon repons ak petisyon an epi pou soumèt enfòmasyon ekri ki lye ak pwoblèm si blesi ki deklare a se yon blesi newolojik ki lye ak akouchman.

(5) Depi nan resepsyon petisyon sa, Division of Medical Quality Assurance (Depatman Asirans Kalite Medikal) pral egzamine enfòmasyon ki ladan yo epi detèmine si li enplike kondwit yon medsen agreye selon chapit 458 oubyen yon doktè osteyopat agreye selon chapit 459 ki soumèt ak plizyè mezi disiplinè, kote nan ka sa dispozisyon s. 456.073 yo pral aplike.

(6) Depi nan resepsyon petisyon sa, Ajans pou Administrasyon Swen Sante an pral mennen investigasyon sou reklamasyon an, epi si yo detèmine blesi a se akòz, oswa agrave gras ak yon vyolasyon chapit 395, yo dwe pran tout mezi apwopriye, ki konfòm ak pouvwa disiplinè li.

(7) Tout reklamasyon asosyasyon an detèmine pou li konpansab kapab aksepte pou konpansasyon, a kondisyon asepsasyon an apwouve pa jij administratif reklamasyon pou konpansasyon an atribiye.

**Istwa.**—s. 64, ch. 88-1; s. 2, ch. 89-186; s. 18, ch. 91-46; s. 4, ch. 93-251; s. 1, ch. 94-106; s. 309, ch. 96-410; s. 1804, ch. 97-102; s. 165, ch. 98-166; s. 287, ch. 99-8; s. 226, ch. 2000-160; s. 115, ch. 2002-1; s. 76, ch. 2003-416.

### **766.306 Dèlè preskripsyon yo.**

Dèlè preskripsyon nan sa ki konsène tout aksyon sivil ki kapab entante pa, oubyen nan non, yon tibebe yo pretann ki blese, oubyen ki lye ak, yon blesi newolojik ki lye ak nesans pral epwize pa depo yon reklamasyon konfòmman avèk ss. 766.301-766.316, ansanm ak lè reklamasyon sa annatant oswa an apèl p ap rive konte nan peryòd tan kote yon aksyon sivil konsa yo kapab fèt.

**Istwa.**—s. 65, ch. 88-1.

### 766.307 Odyans; pati yo; dekouvèt.

(1) Jij administratif la pral fikse dat pou yon odyans pou pita 60 jou ak pa pita pase 120 jou aprè yon demandè fin depoze yon petisyon an konfòmite avèk s. 766.305. Jij administratif la pral avize imedyatman pati nan lè ak kote odyans sa fèt, ki pral òganize nan konte a kote blesi a fèt sof otreman pati yo dakò sa epi divizyon an otorize sa.

(2) Pati nan odyans yo gen ladan yo demandè ak asosyasyon an.

(3) Tout pati gen yon pwosedi selon ss. 766.301-766.316 kapab, sou yon demann adrese ak jij administratif la ki ekspoze enpòtans prèv pou bay la, sèvi plizyè entèwogatwa oubyen fè rekeyi plizyè dispozisyon temwen ki rezide andedan oubyen andeyò Eta, frè yo pral takse antanke depans angaje nan okazyon avèk depo yon reklamasyon. Yo dwe pran depo sa yo aprè notifikasyon ak nan fason yo preskri pou priz depozisyon nan aksyon an jistis yo, amwenske yo pral adrese ak jij administratif la kote pwosedi yo kapab pandant devan li.

Istwa.—s. 66, ch. 88-1; s. 19, ch. 91-46; s. 2, ch. 94-106; s. 310, ch. 96-410.

### 766.309 Detèminasyon reklamasyon yo; prezonpsyon; konklizyon jij administratif kontreyant pou patisipan yo.

(1) Jij administratif la dwe pran desizyon sa yo sou baz tout prèv ki disponib yo:

(a) Si blesi reklame a se yon blesi newolojik ki lye ak nesans. Si demandè a te demontre sa, pou satisfaksyon jij administratif la, yon tibebe te sibi yon blesi serebral oubyen nan mwal epinyè ki lakoz pa yon mank oksijèn oubyen yon blesi mekanik epi tibebe a te sibi tou yon defisyans mantal ak fizik pèmanan ak sibstansyèl, yon desizyon refitab epi pral genyen prezonpsyon blesi a se yon blesi newolojik ki lye ak nesans jan sa defini nan s. 766.302(2).

(b) Si se te yon doktè patisipan ki te livre sèvis obstetrik yo nan moman tranche, akouchman, oubyen reanimasyon nan peryòd imedyatman aprè akouchman nan yon lopital; oubyen pa yon enfimyè fanm saj ki sètifye nan yon lopital inivèsité yon doktè patisipan ap sipèvize nan moman tranche, akouchman, oubyen reanimasyon nan peryòd imedyatman aprè akouchman nan yon lopital.

(c) Konbyen konpansasyon, sizanka, akòde selon s. 766.31.

(d) Si se demandè a oubyen lòt pati ki soulve sa, konklizyon faktyèl ki konsène egzijans preyavi ki prevwa nan s. 766.316 rive satisfè. Jij administratif la gen konpetans eksklizif pou pwosede ak plizyè detèminasyon faktyèl.

(2) Si jij administratif la deside blesi ki deklare a se pa yon blesi newolojik ki lye ak nesans oubyen se pa yon doktè patisipan ki te livre sèvis obstetrik yo nan akouchman, li dwe enskri yon òdonans epi fè an sòt yon kopi òdonans voye imedyatman bay pati yo pa kourye rekòmande oubyen sètifye.

(3) Lè ou vin yon doktè patisipan, yon doktè pral lye pou tout objektif avèk konklizyon jij administratif la oubyen nenpòt apèl moun sa fè nan sa ki konsène si blesi sa se yon blesi newolojik ki lye ak akouchman.

(4) Si li nan enterè ekonomi jidisyè a oubyen si demandè a mande li, jij administratif la kapab divize an pwosedi a nan trete konpansasyon an ak avi a yon jan konfòm ak s. 766.316 dabò, epi abòde yon santans yon jan konfòm ak s. 766.31, si genyen, nan yon pwosedi separe. Jij administratif la kapab emèt yon òdonans final sou konpansasyon an ak avi ki kapab soumèt ak yon apèl an konfòmite avèk s. 766.311, avan yo livre yon santans yon jan konfòm ak se of an award pursuant to s. 766.31.

Istwa.—s. 68, ch. 88-1; s. 4, ch. 89-186; s. 21, ch. 91-46; s. 3, ch. 94-106; s. 312, ch. 96-410; s. 1805, ch. 97-102; s. 77, ch. 2003-416; s. 1, ch. 2006-8.

## 766.31 Rekonpans jij administratif la akòde pou blesi newolojik ki lye ak nesans; avi atribisyon an.

1) Jij administratif la dwe pran desizyon sa yo sou baz tout prèv ki disponib yo:

(a) Si blesi reklame a se yon blesi newolojik ki lye ak nesans. Si demandè a te demontre sa, pou satisfaksyon jij administratif la, yon tibebe te sibi yon blesi serebral oubyen nan mwal epinyè ki lakoz pa yon mank oksijèn oubyen yon blesi mekanik epi tibebe a te sibi tou yon defisyans mantal ak fizik pèmanan ak sibstansyèl, yon desizyon refitab epi pral genyen prezonpsyon blesi a se yon blesi newolojik ki lye ak nesans jan sa defini nan s. 766.302(2).

(b) Si se yon doktè patisipan ki livre sèvis obstetrik yo nan moman tranche, akouchman, oubyen reanimasyon nan peryòd imedyatman aprè akouchman nan yon lopital; oubyen pa yon enfimiyè saj-fam agreye nan yon lopital inivèsitè yon doktè patisipan ap sipèvize nan moman tranche, akouchman, oubyen reanimasyon nan peryòd imedyatman aprè akouchman nan yon lopital.

(c) Konbyen kòb konpansasyon, si genyen, ki kapab akòde yon jan konfòm ak s. 766.31.

(d) Si se demandè a oubyen lòt pati a ki souleve sa, konklizyon faktyèl ki konsène egzijans avi a nan s. 766.316 rive satisfè. Jij administratif la gen konpetans eksklizif pou pwosede ak plizyè detèminasyon faktyèl.

(2) Si jij administratif la deside blesi ki deklare a se pa yon blesi newolojik ki lye ak nesans oubyen se pa yon doktè patisipan ki te livre sèvis obstetrik yo nan akouchman, li dwe enskri yon òdonans epi fè an sòt yon kopi òdonans voye imedyatman bay pati yo pa kourye rekòmande oubyen sètifye.

(3) Lè ou vin yon doktè patisipan, yon doktè pral lye pou tout objektif lè jij administratif la jwenn oubyen nenpòt apèl ki fèt sou sa nan sa ki gen rapò ak si blesi konsa se yon blesi newolojik ki lye ak nesans.(4) Si li nan enterè ekonomi jidisyè a oubyen si demandè a mande sa, jij administratif la kapab divize an de (2) pwosedi a nan trete konpansasyon an ak avi a yon jan konfòm ak s. 766.316 dabò, epi abòde yon santans yon jan konfòm ak s. 766.31, si genyen, nan yon pwosedi separe. Jij administratif la kapab emèt yon òdonans final sou konpansasyon an ak avi ki kapab soumèt ak yon apèl an konfòm avèk s. 766.311, avan yo livre yon santans yon jan konfòm ak s. 766.31.

**Istwa.**—s. 68, ch. 88-1; s. 4, ch. 89-186; s. 21, ch. 91-46; s. 3, ch. 94-106; s. 312, ch. 96-410; s. 1805, ch. 97-102; s. 77, ch. 2003-416; s. 1, ch. 2006-8.

## 1766.31 Rekonpans jij administratif la akòde pou blesi newolojik ki lye ak nesans; avi atribisyon an.

(1) Aprè yo fin detèmine ke yon tibebe te sibi yon blesi newolojik ki lye ak nesans epi se yon doktè patisipan ki te livre sèvis obstetrik yo nan akouchman an, jij administratif la dwe pwononse santans lan nan founi konpansasyon pou eleman swivan yo ki lye ak blesi sa:

(a) Depans reyèl pou swen medikal yo ak ospitalye yo ki nesese sou plan medikalak rezonab yo, swen adaptasyon ak fòmasyon, swen ak sèvis rezidansyèl yo oubyen gad famiyal yo, swen ak sèvis rezidansyèl ak gad pwofesyonèl yo, medikaman ki nesese sou plan medikal yo, ekipman espesyal, ak enstalasyon yo, ak pou depasman konèks yo.

Nan yon minimòm, konpansasyon an dwe founi pou depans reyèl sa yo:

1. Yon avantaj anyèl jiska \$10,000 pou manm fanmi imedyà ki rezide avèk tibebe a pou sèvis sikoterapet ki jwenn nan men founisè ki gen lisans selon chapit 490 oubyen chapit 491.
2. Pou lavi patisipan, founi bay paran yo oubyen responsab legal yo avèk yon metòd transpò fyab pou swen patisipan oubyen ranbouse kou mizanivo yon veyikil ki egziste pou akeyi

bezwen patisipan lè li vin nesèsè sou plan medikal pou transpò sou chèz woulant. Mòd transpò a dwe pran an kont amenajman espesyal ki rekòmande pou patisipan espesifik la. Plan kapab pa limite ak asistans transpò sou baz laj ak pwa patisipan an. Plan dwe ranplase tout kamyonèt plan achte chak 7 ane oubyen 150,000 mil, ki vini an premye.

3. Èd pou lojman jiska \$100,000 pou lavi patisipan, ki gen ladan l kou konstriksyon ak modifikasyon kay yo.

(b) Sepandan, depans sa yo soumèt ak konpansasyon:

1. Depans pou plizyè atik oubyen sèvis ke tibebe a te resevwa, oubyen gendwa resevwa, selon lwa nenpòt Eta oubyen Gouvènman Federal, eksepte nan mezi kote yon eksklizyon konsa kapab entèdi pa lwa federal la.
2. Depans pou atik yo oubyen sèvis ke tibebe te resevwa, oubyen kontraktyèlman gen dwa pou resevwa, apati nenpòt plan medikal prepeye, òganinism mentyen sante oubyen yon lòt antite asirans prive.
3. Depans pou sa tibebe a te resevwa ranbousman, oubyen pou sa tibebe a gendwa resevwa ranbousman, selon lwa nenpòt Eta oubyen Gouvènman Federal la, eksepte nan mezi kote yon eksklizyon konsa kapab entèdi pa lwa federal la.
4. Depans pou sa tibebe a te resevwa ranbousman, oubyen pou sa tibebe a gen dwa kontraktyèlman pou resevwa ranbousman, konfòmman ak dispozisyon tout politik asirans maladi oubyen maladi oubyen tout lòt pwogram asirans prive.

(c) Depans ki fè pati paragaf (a) limite ak plizyè frè rezonab an vigè nan menm kominote a pou yon tretman ki sanble ak moun ki blese lè tretman sa peye pou moun ki blese a. Paran oubyen responsab legal yo ki ap resevwa avantaj anba plan kapab depoze yon petisyon bò kote Divizyon Odyans Administratif pou diskite sou kantite depans reyèl ki ranbouse oubyen yon refi ranbousman.(d)1.a. Pèman peryodik yon endamnite ak paran yo oubyen responsab legal tibebe yo jwenn ki te sibi yon blesi newolojik ki lye ak akouchman, ke endamnite sa pa kapab depase \$100,000. Sepandan, nan diskresyon jij administratif la, endamnite konsa kapab fèt nan yon sòm fòfetè. Kòmanse 1ye janvyè 2021, endamnite a kapab depase \$250,000, ak chak 1ye janvyè kidonk, endamnite maksimòm ki otorize anba paragaf sa dwe ogmante jiska 3 pousan.

b. Paran oubyen responsab legal ki te resevwa yon endamnite konfòmman ak seksyon sa avan 1ye janvyè 2021, e ki gen patisipan ki ap resevwa aktyèlman plizyè avantaj anba plan ki dwe resevwa yon pèman retwoaktif nan yon montan sifizan, pou pote endamnite total ki vèse bay paran yo oubyen responsab legal yo konfòmman ak souparagaf a. a \$250,000. Pèman adisyonèl sa kapab fèt sou fòm sòm fòfetè oubyen sou fòm vèsman peryodik paran oubyen responsab legal la deziye epi dwe peye avan 1ye jiyè 2021 an.

2.a. Prestasyon desè pou tibebe nan yon montan \$50,000.

b. Paran oswa responsab legal ki te resevwa yon prim dapre seksyon sa a, epi ki gen patisipan ki te mouri depi nan kòmansman pwogram nan, dwe resevwa yon ansyen pèman nan yon kantite lajan ki ase pou peye montan total prim yo bay paran yo oswa responsab legal yo dapre souparagaf a. jiska \$50,000. Pèman adisyonèl sa kapab fèt sou fòm sòm fòfetè oubyen sou fòm vèsman peryodik paran oubyen responsab legal la deziye epi dwe peye avan 1ye jiyè 2021 an.

(e) Depans rezonab angaje nan kad depo yon reklamasyon selon ss. 766.301- 766.316, ki gen ladan yo plizyè onorè avoka rezonab, ki pral soumèt ak apwobasyon e ak atribisyon jij administratif la. Pou detèmine atribisyon onorè avoka, jij administratif la pral konsidere faktè sa yo:

1. Tan ak travay ki rekòmande, nouvote ak difikilte kesyon ki enplike yo, ansanm ak konpetans ki rekòmande pou bay sèvis jiridik yo kòrèkteman.
2. Frè ki abityèlman faktire yo nan lokalite a pou sèvis jiridik ki sanble yo.
3. Dèle demandè a oubyen sikonstans yo enpoze yo
4. Nati ak longè relasyon pwofesyonèl la avèk demandè a.
5. Eksperyans, repitasyon, ak kapasite avoka oubyen avoka yo pou bay sèvis yo.
6. Kontenjans oubyen sètitud frè yo.

Si genyen yon detèminasyon final sou konpansasyon an, epi demandè yo aksepte yon santans selon seksyon sa, demandè yo p ap responsab okenn depans, ki gen ladan yo onorè avoka yo, ki ekspoze ak lyen avèk depo yon reklamasyon selon ss. 766.301-766.316 lòt depans ki akòde yo selon seksyon sa.

(2) Santans lan pral rekòmande pèman imedyata depans ki angaje avan sa epi pral rekòmande pou depans alavni yo peye amezi yo angaje.

(3) Yon kopi santans lan pral voye imedyatman atravè yon kourye anrejistre oubyen sètifye pou chak moun ki sèvi avèk yon kopi petisyon an selon s. 766.305(2).

**Istwa.**—s. 69, ch. 88-1; s. 5, ch. 89-186; s. 22, ch. 91-46; s. 4, ch. 94-106; s. 313, ch. 96-410; s. 150, ch. 2001-277; s. 6, ch. 2002-401; s. 78, ch. 2003-416; s. 3, ch. 2021-134.766.311 Karaktè ki konkli detèminasyon oubyen atribisyon; apèl.

(1) Yon desizyon jij administratif la sou kalifikasyon reklamasyon pou objektif konpansasyon an selon s. 766.309 oubyen yon santans jij administratif selon s. 766.31 pral konkli ak kontreyant pou tout kesyon fè yo. Egzamen yon òdonans yon jij administratif pral fèt gras ak apèl pou Tribinal Apèl Distri a. Apèl yo pral depoze an akò avèk règleman pwosedi ki preskri pa Kou Siprèm pou egzamen òdonans konsa yo.

(2) Nan ka yon apèl ki fèt apati yon santans jij administratif la, apèl la pral gen efè sispansyon santans lan, epi asosyasyon an p ap rekòmande pou fè pèman santans ki enplike nan apèl la jiskaske kesyon ki an kesyon yo rive rezoud epi antyèman detèmine.

**Istwa.**—s. 70, ch. 88-1; s. 23, ch. 91-46; s. 6, ch. 93-251; s. 314, ch. 96-410.

### 766.312 Aplikasyon santans yo.

(1) Jij administratif la pral gen tout otorite pou fè aplike santans li an ak pou pwoteje tèt li tout desepsyon oubyen mank kowoperasyon pou rive nan desizyon li an sou nenpòt santans. Otorite sa pral gen ladan pouvwa pou fè petisyon ak tribinal sikwi a pou yon òdonans enfraksyon.

(2) Yon pati kapab, si sikonstans yo jistifye sa, mande tribinal sikwi a, egzekisyon yon santans definitif jij administratif la pwononse.

**Istwa.**—s. 71, ch. 88-1; s. 24, ch. 91-46; s. 5, ch. 94-106; s. 315, ch. 96-410; s. 1806, ch. 97-102;

### 766.313 Limit nan reklamasyon an.

Tout reklamasyon pou konpansasyon selon ss. 766.301-766.316 ki depoze plis pase 5 lane aprè nesans yon tibebe yo deklare li gen yon blesi newolojik ki lye ak nesans ap entèdi.

**Istwa.**—s. 72, ch. 88-1; s. 38, ch. 88-277; s. 1, ch. 93-251.

## 766.314 Kotizasyon yo; plan operasyon.

(1) Kotizasyon yo te etabli konfòmman ak seksyon sa pral itilize pou finanse Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans Florida.

(2) Kotizasyon ak kredi ki dedye nan plan an pral administre pa Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida te etabli nan s. 766.315, an akò avèk egzijans sa yo:

(a) Pou pita 1ye jiyè 1988, administratè asosyasyon yo pral soumèt bay 1Department of Insurance pou egzamen yon plan fonksyònman ki pral asire yon administrasyon efikas plan ak trètman rapid reklamasyon yo ak santans ki pran nan non plan an.

Plan fonksyònman pral gen ladan li dispozisyon pou:

1. Etabli plizyè etablisman nesèsè;
2. Jesyon fon ki kolekte nan non plan an;
3. Trètman reklamasyon yo kont plan;
4. Kotizasyon moun yo ak antite ki site yo nan paragraf (4) ak (5) pou peye santans yo ak depans yo, kote kotizasyon yo dwe fonde sou yon baz aktuaryèl solid sou rezèv limit ki enonse nan paragraf (4) ak (5); ak
5. Nenpòt lòt kesyon ki nesèsè pou fonksyònman efikas plan konpansasyon pou blesi newolojik ki lye ak nesans.

(b) Se administratè plan yo ki kapab fè modifikasyon nan plan fonksyònman, sou rezèv apwobasyon Biwo Règlemantasyon Asirans Komisyon Sèvis Finansye yo.

(3) Tout kotizasyon yo pral depoze bò kote Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida. Fon asosyasyon an kolekte yo epi tout revni ki soti ladan l yo pral depanse sèlman pou pèman santans yo selon ss. 766.301-766.316 ak pou pèman depans rezonab nan administrasyon plan an.

(4) Moun ak antite sa yo pral peye asosyasyon an yon kotizasyon inisyal an akò ak plan fonksyònman an:

(a) Pou pita 1ye oktòb 1988, chak lopital ki agreye selon chapit 395 lan pral peye yon kotizasyon

\$50 pou chak tibebe ki akouche nan lopital la pandan ane sivil avan, jan yo rapòte bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante; a kondisyon, toutfw, yon lopital Eta oubyen yon konte posede oubyen ap eksplwate, yon distri fiskal espesyal, oubyen lòt sibdivizyon politik Eta pa rive rekòmande pou peye kotizasyon inisyal la oubyen tout kotizasyon ki rekòmande pa paragraf (5). Tèm "tibebe ki akouche" gen ladan li fèt tou vivan ak non mòne yo, men tèm lan pa gen ladan li timoun ki akouche pa anplwaye yo oubyen ajan konsèy administrasyon yon inivèsite ki nan Eta, sa ki fèt nan yon lopital inivèsite jan sa defini nan s. 408.07, 2 oubyen sa yo ki fèt nan yon lopital inivèsite jan sa defini nan s. 395.806 asosyasyon an te konsidere antanke anilasyon kotizasyon an depi ane fiskal 1997 pou rive nan ane fiskal 2001. Kotizasyon inisyal la ak tout kotizasyon ki enpoze yon jan konfòm ak paragraf (5) kapab pa gen ladan l okenn tibebe ki fèt pou yon pasyan karitatif (jan sa defini pa règ Ajans lan pou Administrasyon Swen Medikal la) oubyen fèt pou yon pasyan pou moun lopital la resevwa ranbousman Medicaid, si sòm frè anyèl pou pasyan karitatif yo plis kontra anyèl Medicaid lopital la depase 10 pousan nan total revni brit anyèl fonksyònman lopital la. Lopital la responsab pou dokimante, nan satisfaksyon asosyasyon an, eksklizyon tout nesans nan kalkil kotizasyon an. Sou demonstrasyon bezwen finansye pa yon lopital, asosyasyon an kapab prevwa pèman vèsman kotizasyon yo.



(b) 1. Pou pita 15 oktòb 1988, tout doktè ki gen lisans yo yon jan konfòm ak chapit 458 oubyen chapit 459 apati 1ye oktòb 1988, apa doktè patisipan yo, yo pral enpoze yo yon kotizasyon inisyal \$250, ki dwe peye pa pita pase 1ye Desanm 1988.

2. Tout doktè ki jwenn lisans li aprè 30 Septanm 1988, ak avan 1ye janvyè 1989 pral vèse bay asosyasyon an yon kotizasyon inisyal \$250 nan moman li jwenn pèmi li a.

3. Tout doktè ki vin gen lisans apati 1ye janvyè 1989 pral vèse yon kotizasyon inisyal ki egal ak kotizasyon ki pi resan ki fèt konfòmeman ak paragraf sa, paragraf (5) (a), oubyen paragraf (7)(b).

4. Sepandan, si doktè a se yon doktè ki vize nan sou-paragraf sa, kotizasyon an pa aplikab:

a. Yon doktè rezidan, yon doktè rezidan adjwen, oubyen yon estajyè nan yon pwogram fòmasyon pòs inivèsite apwouve, jan sa defini pa Konsèy Administrasyon Medsin lan oubyen Konsèy Administratif Medsin Osteyopatik la selon règleman;

b. Yon doktè ki retirete ki te retire tèt li nan egzèsis medsin lan men ki toujou kenbe yon lisans aktif jan yon afidavit ki depoze bò kote Depatman Sante temwaye sa. Avan pou reyentegre pratik medsin lan nan Eta sa, yon doktè ki pran retrèt jan sa defini isi dwe enfòmè Konsèy Administratif Medsin lan oubyen Konsèy Administratif Medsin Osteyopatik la epi peye kotizasyon apwopriye konfòmeman ak seksyon sa;

c. Yon doktè ki genyen yon lisans limite konfòmeman ak s. 458.317 ak moun ki pa jwenn konpansasyon pou sèvis medikal yo;

d. Yon doktè ki anplwaye aplentan pa Depatman Veteran Etazini epi ki gen pratik limite ak lopital Depatman Veteran Etazini yo; oubyen yon doktè ki se manm Fòs Ame Etazini epi ki satisfè ak egzijans s. 456.024.

f. Yon doktè ki anplwaye atan plen pa Eta Florida epi ki gen pratik limite ak etablisman koreksyonèl ki pou Eta, ak depatman sante konte a oubyen ak etablisman sèvis sante mantal yo oubyen devlopman ki pou Eta oubyen ki anplwaye atan plen pa Depatman Sante a.

(c) Pou pita 1ye Desanm 1988, chak doktè ki gen lisans konfòmeman ak chapit 458 oubyen chapit 459 ki swete patisipe nan Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida epi ki otreman kalifye kòm yon doktè patisipan selon ss. 766.301-766.316 dwe vèse yon kotizasyon inisyal \$5,000. Sepandan, si medsen an se yon doktè rezidan, medsen adjwen rezidan, oubyen yon estajyè nan pwogram fòmasyon apre inivèsite apwouve, jan sa defini pa Konsèy Administratif la oubyen Konsèy Administratif Medsin Osteyopatik la selon règleman, epi li sipèvize an akò avèk egzijans pwogram etabli pa Konsèy Akreditasyon pou Edikasyon Medikal Diplome yo oubyen Asosyasyon Osteyopatik Ameriken pa yon medsen ki ap patisipe nan plan an, medsen adjwen rezidan, oubyen estajyè a konsidere li se yon medsen patisipan san pèman evalyasyon an. Doktè patisipan yo gen ladan yo tou nenpòt anplwaye nan konsèy administrasyon an yon inivèsite Eta ki te peye kotizasyon ki rekòmande pa paragraf sa ak paragraf (5)(a), ak nenpòt enfimyè fanm saj ki agreye anplwaye sa te sipèvize. Doktè patisipan yo gen ladan yo tout enfimyè fanm saj agreye ki te peye 50 pousan nan kotizasyon doktè ki rekòmande pa paragraf sa ak paragraf (5)(a) epi ki ap sipèvize pa yon doktè patisipan ki te peye evalyasyon rekòmande a pa paragraf sa ak paragraf (5)(a). Sipèvizyon pou enfimyè fanm saj la pral rekòmande pou medsen k ap sipèvize a vin fasilman disponib epi gen yon plan trètman etabli davans pou pwoblèm espesifik pasyan kote enfimyè fanm saj agreye ki sipèvize a kapab egzekite nan absans konplikasyon yo. Tout medsen ki chwazi patisipe nan plan konsa apati 1ye janvyè, 1989, ki pa t yon medsen patisipan nan moman eleksyon konsa pou patisipe a epi moun otreman ki kalifye antanke yon medsen patisipan selon ss. 766.301-766.316 pral peye yon kotizasyon inisyal adisyonèl ki egal ak kotizasyon ki pi resan ki te fèt konfòmeman ak paragraf sa, paragraf (5)(a), oubyen paragraf (7)(b).

(d) Tout lopital ki lokalize nan yon peyi avèk yon popilasyon ki depase 1.1 milyon nan 1ye janvyè 2003, jan sa deside pa Ajans Administrasyon Swen Sante anba Lwa sou Responsabilite Swen Medikal la, kapab chwazi peye frè pou medsen patisipan ak enfimye fam saj agreye a si lopital la dabò deside ke objektif motivasyon prensipal pou fè pèman sa se pou asire kouvèti pou pasyan lopital yo selon dispozisyon ss. 766.301- 766.316; sepandan, okenn lopital pa kapab anpeche sou okenn doktè patisipan oubyen enfimye fanm saj, dirèkteman oubyen endirèkteman, pou fè pati pèsònèl lopital yo apa pèsònèl nan lopital k ap fè pèman. Chak lopital dwe depoze bò kote asosyasyon an yon afidavit ki ekspoze espesifikman rezon ki fè lopital la chwazi efekte pèman nan non chak doktè patisipan ak enfimye fam saj sètifye. Pèman ki otorize selon paragraf sa pral ajoute nan evalyasyon ki prevwa nan paragraf (5)(a).

(5)(a) Kòmanse 1ye janvyè 1990, moun yo ak antite ki site nan paragraf (4)(b) ak (c), eksepte moun sa yo oubyen antite sa ki ekskli sitou nan dispozisyon ki site yo, apati dat ki detèmine an akò avèk plan fonksyonman, lè n konsidere moun ki agreye posteryèman nan pèman kotizasyon inisyal la pral peye yon kotizasyon anyèl nan montan ki egal ak evalyasyon inisyal yo bay nan paragraf (4)(b) ak (c). Si asosyasyon an resevwa pèman kotizasyon anyèl yon doktè avan 31 janvyè nenpòt ane sivil, doktè a pral kalifye antanke yon doktè patisipan pou ane sivil antye sa. Si yo resevwa pèman aprè 31 janvyè nenpòt ane sivil, doktè a dwe kalifye antan ke yon doktè patisipan pou ane sivil sa sèlman apati dat asosyasyon an te resevwa pèman.

1ye janvyè 1991, ak nan chak 1ye janvyè apre sa, asosyasyon an pral deside montan kotizasyon anplis ki nesese yo konfòmman ak paragraf (7), nan fason plan fonksyonman rekòmande sa, sijè ak nenpòt ogmantasyon Biwo Règlemantasyon Asirans lan detèmine konfòmman ak paragraf (7)(b). 1ye jiyè 1991, ak apati 1ye jiyè kidonk, moun ak antite yo ki site nan paragraf (4)(b) ak (c), sof moun ak antite sa yo ki ekskli sitou nan dispozisyon ki site yo, pral peye kotizasyon adisyonèl ki te detèmine nan dat 1ye janvyè. Apati 1ye janvyè 1990, antite ki site nan paragraf (4)(a), tankou sa yo ki gen lisans apati 1ye oktòb 1988, pral peye yon evalyasyon anyèl \$50 pa tibebe ki fèt pandan ane sivil avan an. Kotizasyon adisyonèl ki te detèmine 1ye janvyè 1991, konfòmman ak dispozisyon paragraf (7), antite ki site nan paragraf (4)(a) jiska 1ye jiyè yo p ap rive ni dwe ni peye.

(b) Si kotizasyon yo kolekte konfòmman ak paragraf (4) ak afektasyon fon ki prevwa pa s. 76, chapter 88-1, Lwa Florida, jan sa amande pa s. 41, chapit 88-277, Lwa Florida yo, pou plan ki soti nan Fon Fidisyè Reglemantasyon Asirans yo pa sifi pou kenbe plan sou yon baz aktuaryèlman solid, yon montan adisyonèl ki te kapab ale jiska \$20 milyon dola alwe pou transfè vè asosyasyon an apati Fon Fidisyè Reglemantasyon Asirans lan.

(c) 1. Lè n konsidere evalyasyon ki kolekte konfòmman ak paragraf (4) e ak plizyè kredi Fon Fidisyè Règlemantasyon Asirans yo, si nesese pou kenbe plan sou yon baz son aktuaryèl, Biwo Règlemantasyon Asirans lan pral rekòmande chak antite ki otorize pou delivre yon asirans domaj jan sa defini nan s. 624.605(1)(b), (k), ak (q) pou vèse bay asosyasyon an yon kotizasyon anyèl nan yon montan biwo a te deside konfòmman ak paragraf (7)(a), nan fason plan fonksyonman rekòmande sa.

2. Tout kotizasyon anyèl yo pral fèt sou baz prim dirèk nèt ki emèt pou aktivite komèsyal ki konstitye baz enklizyon nan chak antite sa yo antanke sous finansman plan nan Eta pandan ane ki vini avan sa ki fini 31 Desanm, jan yo rapòte sa bay Biwo Reglemantasyon Asirans lan, epi dwe nan pwopòsyon ke prim dirèk nèt chak konpayi asirans souskri akòz aktivite komèsyal ki konstitiye baz enklizyon li nan plan pa rapò ak total prim dirèk nèt yo pou tout aktivite komèsyal souskri sa yo nan eta sa pou tout antite sa yo.

3. Okenn antite ki site nan paragraf sa p ap responsab endividyèlman yon kotizasyon chak ane ki depase 0.25 pousa nan prim dirèk nèt yo antite sa emèt.

4. Konpayi asirans domaj yo pral gen dwa rekipere kotizasyon inisyal ak anyèl pa yo pa mwayen yon sipleman sou politik alavni yo, yon ogmantasyon tarifè aplikab pwospektivman oubyen yon konbinezon toude (2).

(6)(a) Asosyasyon an fè tout kotizasyon seksyon sa rekòmande, eksepte evalyasyon inisyal doktè otorize yo akonte 1ye oktòb 1988, kotizasyon yo pral fèt pa Depatman Règlemantasyon Antrepriz ak Pwofesyonèl, epi nan eksepsyon kotizasyon konpayi asirans domaj konfòmeman ak sou-paragraf (5)(c)1., kotizasyon yo pral fèt pa Biwo Règlemantasyon Asirans lan. Apati 1ye oktòb 1989, pou tout medsen ki gen lisans ant 1ye oktòb ak 31 Desanm nenpòt ki ane, Depatman Règlemantasyon Antrepriz ak Pwofesyonèl pral fè kotizasyon inisyal la plis evalyasyon pou ane sivil sa a. Depatman Règlemantasyon Antrepriz ak Pwofesyonèl la pral bay asosyasyon an, avèk frekans yo jije nesèsè, yon lis, sou yon fòm lizib pa òdinatè, non ak adrès tout medsen ki otorize selon chapit 458 oubyen chapit 459.

(b) 1. Asosyasyon an kapab enpoze pèsèpsyon kotizasyon ki dwe peye konfòmeman ak ss. 766.301-766.316 pa pouswit ki depoze devan tribinal konte a. Asosyasyon an pral gendwa ak atribisyon onorè avoka, frè ak enterè nan moman enskripsyon yon jijman kont yon doktè pou non pèman kotizasyon sa, enterè kouran sa jiska pèman. Malgre dispozisyon chapit 47 ak 48 yo, asosyasyon an kapab entante yon pouswit konsa, swa nan Konte Leon oubyen konte rezidans defandè a.

2. Depatman Règlemantasyon Antrepriz ak Pwofesyonèl, sou notifikasyon asosyasyon an yon kotizasyon pa te rive peye epi genyen yon jijman ki pa t egzekite kont yon doktè, p ap rive renouvle okenn lisans pratik pou doktè konsa ki emèt konfòmeman ak chapit 458 oubyen chapit 459 jiskaske jijman konplètman egzekite.

(c) Ajans pou Administrasyon Swen Sante an dwe, sou notifikasyon asosyasyon an yon kotizasyon pa te rive peye nan tan favorab, egzije koleksyon kotizasyon sa yo ki dwe peye pa lopital yo yon jan konfòm ak ss. 766.301-766.316. Yon lopital ki pa reyisi peye kotizasyon sa konstitiye yon mezi disiplinè konfòmeman ak s. 395.1065 malgre tout dispozisyon legal kontrè.

(7)(a) Biwo Règlemantasyon Asirans lan pral antreprann yon investigasyon aktuaryèl egzijans plan baze sou eksperyans plan nan premye ane fonksyonman ansanm ak tout enfòmasyon pètinan adisyonèl, ki gen ladan yo san limit aktif ak pasif plan.

Konfòmeman ak investigasyon sa, Biwo Règleman Asirans lan pral etabli tarif kontribisyon antite ki site nan paragraf (5)(c) pou ane fiskal k ap kòmanse 1ye janvyè 1990. Swit ak evalyasyon inisyal la, Biwo Règlemantasyon Asirans lan pral lakoz yon valorizasyon aktuaryèl ki dwe fèt nan aktif ak pasif plan omwen chak de (2) ane. Swit ak rezilta valorizasyon sa yo, Biwo Règlemantasyon Asirans lan pral prepare yon relve to kotizasyon aplikab ak antite ki site nan paragraf (5)(c) a. Sepandan, to a pa dwe nan okenn ka pi gwo pase 0.25 pousan prim dirèk nèt ki emèt yo.

(b) Si Biwo Règlemantasyon Asirans lan jwenn plan pa kapab kenbe sou yon baz aktuaryèl solid sou baz kotizasyon yo ak kredi ki site nan paragraf (4) ak (5), biwo a pral ogmante kotizasyon ki presize nan paragraf (4) sou yon baz pwopòsyonèl selon yon baz pwopòsyonèl selon bezwen yo.

(8) Asosyasyon an pral bay rapò ak Asanble Lejislatif la sou desizyon li konsènan kou anyèl mentyen fon sou yon baz aktuaryèlman solid. Nan priz desizyon li an, asosyasyon an pral konsidere rekòmandasyon tout lopital yo, doktè yo, asirè miltirisk yo, avoka yo, konsomatè yo, ak tout asosyasyon ki reprezante tout moun oubyen antite konsa. Malgre dispozisyon s. 395.3025 yo, tout lopital yo, konpayi plizyè risk yo, depatman yo, konsèy administratif yo, komisyon yo, ak komite lejislatif yo pral bay asosyasyon an tout dosye ak enfòmasyon enpòtan sou demann pou ede asosyasyon an pran desizyon li a. Tout lopital yo, sou demann asosyasyon an, pral bay asosyasyon an enfòmasyon nan dosye pa yo konsènan tout nesans vivan. Enfòmasyon konsa pral gen ladan li non tout doktè, non tout anplwaye oubyen ajan lopital la, non pasyan, oubyen tout lòt enfòmasyon ki pral idantifye tibebe ki enplike nan akouchman an. Enfòmasyon ki jwenn konsa pral itilize sèlman nan objektif pou ede asosyasyon an epi p ap angaje responsablite sivil oubyen penal lopital la pou divilgasyon pa yo. Enfòmasyon sa yo pral otreman konfidansyèl ak egzante dispozisyon s. 119.07(1) yo ak s. 24(a), Atik. I nan Konstitisyon Eta a.

(9)(a) Nan espas 60 jou aprè yon reklamasyon fin depoze, asosyasyon an pral estime valè prezan nan kou total reklamasyon an, ki gen ladan l montan ki estime ki pou peye bay demandè a, avoka demandè a, onorè avoka asosyasyon ki lye ak reklamasyon an, epi nenpòt lòt depans nou kapab prevwa rezonableman asosyasyon an pral angaje nan kad evalyasyon an ak pèman reklamasyon an. Nan objektif estimasyon sa, asosyasyon an dwe gen ladan l prestasyon maksimòm pou domaj ki pa ekonomik yo.

(b) Asosyasyon an pral revize estimasyon sa yo chak trimès an fonksyon de kou reyèl ki angaje yo ak tout enfòmasyon adisyonèl asosyasyon an dispoze depi nan dènye revizyon estimasyon sa. Estimasyon an pral diminye nan montan asosyasyon an vèsè ki te fè pati estimasyon ankou a.

(c) Nan ka kote total tout estimasyon aktyèl yo egal 80 pousan fon disponib yo ak fon ki ap vin disponib yo pou asosyasyon pandan 12 pwochè mwa ki soti nan tout sous ki dekri nan paragraph (4) ak (5) ak paragaf (7)(a), asosyasyon an p ap aksepte okenn nouvo reklamasyon san otorizasyon ekspres Asanble Lejislatif la. Okenn nan sa ki prezan yo p ap anpeche asosyasyon an aksepte yon reklamasyon si blesi a te fèt 18 mwa oubyen plis avan dat antre an vigè sispansyon sa. Nan espas 30 jou aprè dat sispansyon sa antre an vigè a, asosyasyon an pral enfòmè Gouvènè a, Prezidan Chanm Reprezantan yo, Prezidan Sena, Biwo Règlemantasyon Asirans yo, Ajans pou Administrasyon Swen Medikal, Depatman Sante, ak Depatman Règlemantasyon Antrepriz ak Pwofesyonèl, sou sispansyon sa.

(d) Si yo anpche nenpòt moun fè valorize yon reklamasyon kont asosyasyon an akoz paragaf

(c) a, plan p ap konstitiye rekou eksklizif pou moun sa, reprezantan pèsònèl li, paran li yo, moun a chaj li yo, oubyen pi pwòch paran li yo.

**Istwa.**—s. 73, ch. 88-1; s. 39, ch. 88-277; s. 44, ch. 88-294; s. 6, ch. 89-186; s. 103, ch. 92-33; s. 122, ch. 92-149; s. 1, ch. 92-196; s. 94, ch. 92-289; s. 66, ch. 93-268; s. 1, ch. 94-85; s. 248, ch. 94-218; s. 426, ch. 96-406; s. 1807, ch. 97-102; s. 81, ch. 97-237; s. 167, ch. 98-166; s. 288, ch. 99-8; s. 227, ch. 2000-160; s. 7, ch. 2002-401; s. 4, ch. 2003-258; s. 1901, ch. 2003-261; ss. 79, 84, ch. 2003-416.

**1Remak.**—Fonksyon Depatman Asirans yo te transfere bay Depatman Sèvis Finansye yo oubyen Komisyon Sèvis Finansye yo pa ch. 2002-404, ak s. 20.13, kreyasyon Depatman Asirans lan, te repete pa s. 3, ch. 2003-1.

**2Remak.**—Jan sa amande nan s. 4, ch. 2003-258, pwomilge nan moman Seyans Regilye 2003 a. Seksyon 79, ch. 2003-416, adopte nan Seyans Espesyal D, 2003, pa reyisi entegre modifikasyon ki pote nan s. 4, ch. 2003-258, ki ajoute libele “oubyen sa yo ki fèt nan yon lopital inivèsité jan sa defini nan s. 395.806 asosyasyon an te konsidere antanke anilasyon kotizasyon an depi ane fiskal 1997 pou rive nan ane fiskal 2001.”

**3Remak.**—Jan sa amande nan s. 1901, ch. 2003-261, adopte nan moman Seyans Regilye 2003 a. Seksyon 79, ch. 2003-416, adopte nan Seyans Espesyal D, 2003, pa reyisi entegre modifikasyon nan s. 1901, ch. 2003-261, ki te ranplase yon referans nan Biwo Règlemantasyon Asirans pou yon referans ak Depatman Asirans lan.

## 766.3145 Kòd etik yo.

(1) Pou pita avan 1ye jiyè chak ane, anplwaye asosyasyon an dwe siyen ak soumèt yon deklarasyon yo pa gen yon konfli enterè jan sa defini nan pati III chapit 112. Kòm kondisyon anplwa, tout anplwaye potansyèl yo dwe siyen ak soumèt bay asosyasyon an yon deklarasyon sou konfli enterè.

(2) Direktè egzekitif la, kad siperyè yo, ak manm konsèy administratif yo soumèt ak kòd deyontoloji ki prevwa pou pati III chapit 112. Nan objektif pou aplike pati III chapit 112 pou aktivite direktè egzekitif, kad siperyè, ak manm konsèy administratif yo, yo konsidere moun sa yo antanke plizyè fonksyonè oubyen plizyè anplwaye piblik ak asosyasyon ki konsidere antanke ajans pa yo. Yon manm konsèy kapab pa vote pou okenn mezi ki t ap gen pou efè nwi gen oubyen pèt prive espesyal li. 112.3143(2), kapab pa vote pou okenn mezi ke li konnen sa t ap antrene yon enpak sou gen oubyen yon pèt prive espesyal sou mandan ke pa li menm yo kenbe li oubyen

pou òganizasyon paran oubyen filyal yon mandan sosyete pa li menm yo kenbe li, apa yon ajans jan sa defini nan s. 112.312; oubyen ke li konnen t ap fè enpak sou gen oubyen pèt prive espesyal yon paran oubyen yon asosye komèsyal fonksyonè piblik la. Avan vòt la fèt, manm konsa dwe deklare piblikman bay konsèy la nati enterè li nan kesyon pou kisa li absteni li pou vote epi, nan espas 15 jou aprè vòt la fin fèt, pibliye nati enterè li kòm yon dosye piblik nan yon memorandòm ki depoze bò kote moun ki responsab redaksyon pwosè vèbal asanble a, ki dwe entegre nan memorandòm ki nan pwosè vèbal la.

(3) Malgre s. 112.3148, s. 112.3149, oubyen nenpòt lòt lwa, yon anplwaye oubyen manm konsèy administratè a kapab pa aksepte volontèman, dirètèman oubyen endirèkteman, okenn kado oubyen depans yon moun oubyen antite, ki gen yon relasyon kontraktiyèl avèk asosyasyon an oubyen ki nan etid pou yon kontra.

(4) Yon anplwaye oubyen manm konsèy administrasyon an ki pa reyisi konfòme yo avèk paragraf (2) oubyen paragraf (3) sijè ak plizyè sanksyon ki bay selon ss. 112.317 ak 112.3173.

(5) Li entèdi pou tout kad oubyen direktè egzekitif asosyasyon an ki te anplwaye apati 1ye janvyè 2022, kèlkeswa dat rekritman, ki pran apre sa retrèt li oubyen ki mete fen nan anplwa entèdi pou reprezante yon lòt moun oubyen antite avan asosyasyon an pou 2 ane aprè retrèt oubyen fen anplwa nan asosyasyon an.

**Istwa.**—s. 4, ch. 2021-134.

### **766.315 Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida; Konsèy administratif yo.**

(1)(a) Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida dwe dirije pa yon konsèy administrasyon konpoze ak sèt (7) direktè yo pral konnen kòm Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida. Asosyasyon an se pa yon ajans, konsèy administratif, oubyen komisyon Eta. Malgre dispozisyon s. 15.03, asosyasyon an gen otorizasyon pou itilize so Eta.

(b) Yo pral nome administratè yo pou plizyè manda echelone pou 3 ane jiskaske yo nonmen siksesè yo ki kalifye; sepandan, yon direktè pa dwe sèvi pou plis pase 6 ane konsekitif.

(c) Direktè Finansye a dwe nonmen administratè yo tankou swivan:

1. Yon reprezantan sitwayen ki pa afilye avèk okenn gwoup ki idantifye nan sou-paragraf 2.-7.
2. Yon reprezantan doktè patisipan yo.
3. Yon reprezantan lopital yo.
4. Yon reprezantan konpayi asirans pou domaj yo.
5. Yon reprezantan doktè yo apa doktè patisipan yo.
6. Yon reprezantan paran oubyen responsab legal yon tibebe ki blese anba plan.
7. Yon reprezantan yon òganizasyon defans timoun ki andikape.

(2)(a) Direktè Finansye a kapab seleksyone reprezantan doktè patisipan yo nan yon lis pou pi piti twa non Kongrè Ameriken Obstetrisyen yo ak Jinekòlòg yo, Distri XII a rekòmande; reprezantan lopital ki nan lis la pou pi piti twa non Asosyasyon Lopital Florida rekòmande; reprezantan konpayi asirans domaj yo nan yon lis pou pi piti twa non, youn ladan yo rekòmande pa Asosyasyon Asirans Ameriken, youn ladan yo Konsèy Asirans Florida rekòmande, ak youn Asosyasyon Amerik Konpayi Asirans Domaj Pwopriyete yo rekòmande; ak reprezantan doktè yo, apa doktè patisipan yo, nan yon lis twa non Asosyasyon Medikal Florida rekòmande epi yon lis twa non Asosyasyon Medikal Osteyopatik Florida rekòmande. Sepandan, Direktè Finansye a pa rekòmande pou pwosede ak okenn nominasyon pami kandida asosyasyon respektiv yo. Yon doktè patisipan ki nome nan yon

petisyon an enstans pou yon reklamasyon pa kapab nome nan konsèy administrasyon an. Yon administratè nome ki se yon doktè patisipan kapab pa vote sou okenn kesyon konsèy ki lye ak yon reklamasyon aksepte pou yon konpansasyon si doktè a nome nan petisyon pou reklamasyon an.(b) Sizanka, Direktè Finansye a dwe enfòmasyon rapidman asosyasyon apwopriye a oubyen moun ki idantifye nan paragraf (a) pou fè plizyè rekòmandasyon lè gen plas vid, epi tankou nominasyon yo kapab fèt pou ranpli plas vid la.

(c) Gouvènè ak oubyen Direktè Finansye a kapab revoke yon administratè nan fonksyon li pou fot, malvèzasyon, mefè oubyen neglijanans nan egzèsis fonksyon li. Tout pòs vid ki kreye konsa pral ranpli jan sa prevwa nan paragraf (a).

(3) Administratè yo pa kapab trete okenn afè ni egzèsè okenn pouvwa nan plan eksepte sou vòt afimatif kat administratè yo. Administratè yo ap sèvi san salè men gen dwa resevwa ranbousman pou depans reyèl ak nesèsè ki angaje nan egzèsis fonksyon ofisyèl pa yo nan tit administratè plan konfòmeman avèk s. 112.061. Administratè yo pa sijè ak okenn responsabilite nan sa ki konsène administrasyon plan an.

(4) Konsèy administrasyon yo gen otorite pou:

(a) Administre plan an.

(b) Jesyon fon ki kolekte nan non plan an.

(c) Administre pèman reklamasyon yo nan non plan.

(d) Dirije envestisman ak reyenvestisman tout fon anplis sou pèt ak depans yo, si revni envestisman ki jenere konsa yo rete kredite nan plan.

(e) Rezasire risk yo nan plan an antye oubyen an pati.

(f) Pouswiv ak pou y ap pouswiv yo, konparèt ak defann, nan tout aksyon ak pwosedi yo nan non pa yo nan menm tit ak yon moun fizik,

(g) Genyen ak egzèsè tout pouvwa nesèsè oubyen itil pou reyalize nenpòt oubyen tout objektif pou sa plan kreye a.

(h) Konkli kontra nesèsè yo oubyen ki apwopriye pou administre plan an.

(i) Anplwaye oubyen retni moun ki nesèsè pou reyalize tranzaksyon ak responsabilite administratif ak finansyè nan plan ak pou reyalize lòt fonksyon nesèsè ak apwopriye lalwa pa entèdi.

(j) Pran tout aksyon an jistis ki ta ka nesèsè pou evite pèman reklamasyon apwopriye yo.

(k) Endamnize tout anplwaye, ajan, manm konsèy administrasyon yo oubyen ranplasan yo, oubyen moun k ap aji nan non plan atit ofisyèl, pou depans yo, ki gen ladan yo onorè avoka yo, jijman yo, amand yo, ak montan ki peye nan règleman reyèlman ak rezonableman angaje nan lyen avèk tout aksyon, pouswit oubyen pwosedi, ki gen ladan yo tout apèl ki soti apati kapasite moun sa pou aji nan non plan an, si moun sa te aji nan bòn fwa, ak yon fason li te kwè ki rezonab, yo pa opoze ak sa, pi bon enterè nan plan menm jan ak sante ak pi bon enterè patisipan ki gen blesi newolojik ki lye ak nesans, epi si, nan sa ki konsène tout aksyon oubyen pwosedi kriminel, moun sa te gen plizyè motif rezonab pou kwè kondwit li te lejitim.

(5)(a) Yo kapab retire lajan nan non plan sèlman sou prezantasyon yon bon asosyasyon an otorize.

(b) Tout reyinyon konsèy administrasyon an sijè ak egzèsis s. 286.011, epi tout liv yo, dosye yo, ak odit plan yo ouvr ak piblik la pou yon enspeksyon rezonab, eksepte nan ka yon dosye reklamasyon nan posesyon asosyasyon an oubyen reprezantan li ki konfidansyèl epi egzante ak dispozisyon s. 119.07(1) ak s. 24(a), Atik. I nan Konstitisyon Eta jiska fen litij oubyen règleman reklamasyon an, byenke dosye medikal yo ak lòt pati yo nan dosye reklamasyon kapab rete konfidansyèl ak egzante jan lalwa prevwa sa. Nenpòt liv, dosye, dokiman, odit, oubyen ak asosyasyon an te akèri, ki te prepare pou li, oubyen te peye pou asosyasyon an sijè ak otorite konsèy

administrasyon an, ki se responsab pou sa.(c) Sof nan ka reyinyon ijans yo, asosyasyon an pral bay avi sou tout reyinyon konsèy administrasyon an pa piblikasyon sou sitwèb asosyasyon an ki pa pi piti pase 7 jou avan reyinyon an. Asosyasyon an pral prepare yon ajanda nan moman pou asire yon kopi ajanda kapab resevwa pou pi piti 7 jou avan reyinyon an pa nenpòt moun ki mande yon kopi epi ki peye kou rezonab kopi a. Lòd jounen an, ansanm ak tout dokiman reyinyon an ki diponib sou fòm elektwonik, ki pa gen ladan yo enfòmasyon konfidansyèl ak egzonere yo, dwe pibliye sou sitwèb asosyasyon an. Lòd jounen an dwe genyen ladan l plizyè eleman ki dwe konsidere nan lòd prezantasyon an ak yon nimewo telefòn pou manm piblik la pou patisipe telefòn nan reyinyon konsèy administratif la. Aprè lòd jounen an fin disponib, yon chanjman pral fèt sèlman pou bon koz, jan sa deside pa moun ki deziye pou prezide, epi dwe endike nan dosye a. Notifikasyon yon chanjman konsa dwe fèt nan pi brèf dèle.

(d) Chak moun ki otorize pou resevwa depo yo, pou emèt plizyè bon oubyen pou retire oubyen otreman dekese plizyè fon dwe depoze yon kosyon fidelite global yon montan ki rezonabman sifizan pou pwoteje aktif yo nan plan, jan plan fonksyonman deside sa. Kou kosyonman konsa pral peye apati aktif plan yo.

(e) Chak ane, asosyasyon an pral founi plizyè rapò finansye verifye ak tout patisipan nan plan sou demann, Biwo Règlemantasyon Asirans Komisyon Sèvis Finansye yo, ak Komite Lejislatif Konjwen Odit la. Rapò yo dwe prepare an akò avèk pwosedi kontab aksepte yo epi dwe gen ladan yo enfòmasyon sa yo jan Biwo Règlemantasyon Asirans lan oubyen Komite Odit Lejislatif Konjwent lan rekòmande sa. Nenpòt lè yo jije nesèsè, Biwo Règlemantasyon Asirans lan oubyen Komite Odit Lejislatif Konjwent lan kapab pwosede ak yon verifikasyon odit la.

(f) Fon yo genyen nan non plan se fon Eta Florida yo. Asosyasyon an kapab sèlman investi fon plan yo nan investisman ak sekirite ki dekri nan s. 215.47, epi pral soumèt ak limitasyon sou investisman ki genyen nan seksyon sa. Tout revni ki derive nan investisman konsa pral kredite nan plan an. Konsèy Administrasyon Eta a kapab investi ak reyenvesti plizyè fon yo kenbe nan non plan an akò avèk fidisi asosyasyon an ak Konsèy Administrasyon Eta a apwouve ak nan dispozisyon ss. 215.44-215.53.

(6) Asosyasyon an pral founi chak ane bay chak paran ak responsab legal k ap resevwa prestasyon selon plan swa pa kourye oubyen elektwonikman yon lis ranbousab selon plan an.

(7) Asosyasyon an pral pibliye yon rapò sou sitwèb li a avan 1ye janvyè 2022, epi chak 1ye janvyè aprè. Rapò a pral gen ladan l:

(a) Non ak manda chak manm konsèy administrasyon ak pèsònèl egzekitif.

(b) Montan konpansasyon an peye pou chak anplwaye asosyasyon.

(c) Yon rezime litij ranbousman ak rezolisyon yo.

(d) Yon lis depans pou onorè avoka yo ak frè lobiyin yo.

(e) Lòt depans pou opoze ak chak reklamasyon plan. Tout enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl paran, responsab legal la, oubyen patisipan ki enplike nan reklamasyon an dwe retire nan lis sa.

(8) Pou pita 1ye Novanm 2021, ak pou pita 1ye Novanm pa la swit, asosyasyon an pral soumèt yon rapò bay Gouvènman, Prezidan Sena, Prezidan Chanm Reprezantan ak Direktè Finansye a. Rapò a dwe gen ladan l:

(a) Kantite petisyon ki depoze pou konpansasyon avèk divizyon an, kantite demandè ki te jwenn yon konpansasyon, kantite demandè yo refize yon konpansasyon, ansanm ak rezon refi konpansasyon an.

(b) Kantite ak montan an dola pou konpansasyon ki peye ak refize pou depans yo pa kategori epi rezon pou tout konpansasyon yo refize pou depans yo pa kategori.

(c) Dèle egzekisyon mwayen pou peye oubyen refize yon konpansasyon pou depans yo.

(d) Rekòmasyon lejislatif yo pou amelyore pwogram lan.

(e) Yon rezime tout litij ki ankou oubyen rezoud pandan ane ki afekte plan an.

(f) Montan konpansasyon ki peye pou chak anplwaye asosyasyon an oubyen manm konsèy administratè yo.

(g) Pou rapò inisyal la ki dwe fèt pou pita 1ye Novanm 2021, yon rapò aktuaryèl yon aktuèl endepandan ap reyalize ki founi yon analiz kou estime mizannèv modifikasyon yo swivan plan an:

1. Redwi pwa minimòm admisibilite ak nesans pou yon patisipan nan plan soti 2,500 gram rive 2,000 gram.
2. Revize admisibilite pou patisipasyon nan plan pandan y ap prevwa yon tibebe dwe atenn yon defisyans mantal oubyen fizik pèmanan ak sibstansyèl, olye yon defisyans mantal ak fizik pèmanan ak sibstansyèl.
3. Ogmante prestasyon espesyal anyèl oubyen prestasyon kalite vi \$500 rive \$2,500 pa ane sivil.

**Istwa.**—s. 74, ch. 88-1; s. 40, ch. 88-277; s. 7, ch. 89-186; s. 2, ch. 94-85; s. 427, ch. 96-406; s. 1808, ch. 97-102; s. 3, ch. 98-113; s. 2, ch. 98-409; s. 1902, ch. 2003-261; s. 3, ch. 2006-8; s. 11, ch. 2014-103; s. 5, ch. 2021-134.

### 766.316 Avi pou patisipan obstetrik yo nan patisipasyon nan plan.

Chak lopital ki gen yon doktè patisipan pami pèsone l li an epi chak doktè patisipan, apa rezidan yo, rezidan asistan yo, ak estajyè yo konsidere antanke doktè patisipan selon s. 766.314(4)(c), nan kad Plan Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida, yo pral enfòmè pasyan obstetrikal yo sou altènativ limite san fot pou blesi newolojik ki lye ak nesans yo. Avi konsa dwe founi sou fòmilè asosyasyon an founi epi pral gen ladan l yon esplikasyon klè ak presi sou dwa ak limit yon pasyan nan kad plan. Lopital la oubyen doktè patisipan kapab chwazi pou fè pasyan siyen yon akize resepsyon fòmilè pou fòmilè avi a. Siyati pasyan nan akize resepsyon nan fòmilè avi a souve yon prezonpsyon refitab selon li menm, egzijans notifikasyon atik sa te respekte. Li pa nesèsè pou bay yon avi ak yon pasyan lè pasyan soufri yon pwoblèm medikal ijans jan sa defini nan s. 395.002(8)(b) oubyen lè avi a pa pratikab.

**Istwa.**—s. 75, ch. 88-1; s. 8, ch. 89-186; s. 4, ch. 98-113; s. 91, ch. 99-3; s. 205, ch. 2007-230;



### Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida.

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florida 32317

Apèl Gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Web NICA.com



# MANYÈL AVANTAJ YO

Apwouve 24 dawout 2023



**Asosyasyon Konpansasyon Blesi Newolojik ki Lye ak Nesans nan Florida.**

P.O. Box 14567

Tallahassee, Florida 32317

Apèl Gratis 1-800-398-2129

Telefòn (850) 488-8191

Faks (850) 922-5369

Web NICA.com



SUPPORTIVE SERVICES FOR  
FAMILIES & PHYSICIANS